


VAHEBHERU,

CHITSAUKO CHECHITANHATU ³

 Mangwanani akanaka, shamwari. Mukana wakanaka kuva pano. Uye—uye kuzadzisa kuziviswa kukuru uku kwabva kumufundisi wedu zvirokwazvo kunototora hupenyu hwemazvirokwazvo, hakudaro here? Saka tiri kupa rumbidzo kuna Ishe nekuda kwemasimba aVo ose makuru ekupodza uye netsitsi dzaVo izvo zvaVakatipa zvichidzika nemumakore ose aya.

Zvino ndine zviziviso zvishoma zvokuita. Potsi, isu, Hama Wood naHama Roberson, uye tinoda kukutendai mose nekutinamatira, kuti tive nerwendo takachengeteka. Takava nenguva yakanaka kwazvo; takangoenda kwemazuva mana nehafu, ndinotenda, nekudzoka zvakare takachengeteka. Ishe vakatiropafadza.

⁵⁰⁶ Zvino, tiri kuzivisa kuti Hama Graham Snelling, rumutsiriro rwavo, rwuri kuenderera mberi, kumusoro ku—kunogumira Brigham Avenue, pa...imo muguta muno. Uye manheru eChitatu chino chiri kuuya...Ndinoda kuenda mangwana, mushure meshumiro yemariro emumwe wandichazivisa munguva shoma. Tichakuzivisai Chitatu manheru. Tinoda kuenda tiri chikwata, tose, uko kunoshanyira Hama Graham vasati vavhara shumiro yavo kumusoro uko. Uye tichaedza kuunganidza chechi yose pamwe chete, kana tikakwanisa, uye toenda sechikwata kunosangana, kunova naHama Graham mune imwe yeshumiro dzavo.

⁵⁰⁷ Uye, zvino, masikati ano pa—panzvimbo yevanoviga vafi kuCharlestown, pana ma—Mai Colvin, avo vakambouya kuchechi pano makore mazhinji apfuura, vane makore makumi manomwe nemana ekuberekwa, vakasiya hupenyu huno nezuro vachienda kunova naIshe Jesu. Uye mariro avo ari kuzoparidzwa neMuvhuro, naMufundisi VaMcKinney, vaimbova, kare, mufundisi wechechi yeMethodisti pa—paPort Fulton kwemakore mazhinji, avo vaiva shamwari yavo yepedyo chaiyo. Uye ndiri kuzovabatsira, Muvhuro, pana, ndinotenda kuti pana one-thirty, pa—pachechi kuCharlestown, Indiana. Uye imi mose shamwari dzemhuri yekwaColvin vanga, ndinoziva kuti, vangakoshesa zvino kakushingiswa kadiki kana ku... kakukwaziswa kadiki. Nekuti isu tose tinoziva kuti izvozvo chii, isu vakambenge vapfuura neimomo, mumipata, pachedu, uye nekuziva zvazvinoreva kurasikirwa neshamwari. Uye saka isu...Varere mu—muchechi zvino, kuCharlestown, Indiana. Kana mukaenda kumusoro masikati ano, handiti,

zvingayemurwa nemhuri yekwaColvin, ndine chokwadi. Vazhinji vevanhu vavo vanouya pano patabhenakeri nazvino. Ndakachatisa, kuviga, kubhabhatidza, potse, mhuri yavo, yose. Uye saka VaGrayson, vaimbove muvakidzani wedu ipo pano, ndivo vanoviga vafi kumusoro uko.

⁵⁰⁸ Uye zvakare izvi, manheru ano, Ishe vachitendera, patichasiira mangwanani ano, tichaedza kusimudzira manheru ano, muchidzidzo chikuru ichi chatiri kudzidza machiri zvino. Uyezve ndinofunga kuti ndizvo zvanga zviru zviziviso, se—sekuziva uko ini—ini ndinoita. Uye manheru eChitatu chino chiri kuuya, zvino, tichazivisa manheru atiri kuenda kunova naHama Graham.

⁵⁰⁹ Uye tinogamuchira vaeni vose vari mumasuwo edu. Uye tinofara kuva nemi pano mangwanani ano, uye tinonamata kuti Mwari vagokuropafadzai zvakadarika, zvakanyanyisa, nhasi pakuungana uku.

⁵¹⁰ Hama Cox vachangobva kundiudza kuti muchina wekukudza izwi wanga usiri kushanda zvakanaka kwazvo panguva iyoyo. Pamwe, zvichida maererano nemamiriro ekunze, hunyoro hwakawanda mumasipika imomo. Uye iwo haana kunyanyisa kunaka, kubva pakutanga, saka ndicho chingangove chiri chikonzero.

⁵¹¹ Ndichiona hanzvadzi yakagara pano yandinoziva, Hanzvadzi Arganbright, ini...Izvi hazvina kunaka ne—netsika dzakanaka, kubvunza izvi, asi makambonzwa here kubva kuna Hama Arganbright kubvira vanga vari mhiri? Ndine chido zvikuru chekunzwa kubva kwavari nekukurumidza kwatinogona. Vari kuSwitzerland nekuGermany, mumusangano ikoko naHama Tommy Hicks naPaul Cain. Kana mukazombonzwa, Hanzvadzi Ruth, ndizivisei pakare ipapo, nokukasika kwamunguona.

⁵¹² Zvino, tabhenakeri duku haina hunhengo, asi tine kuyanana. Hatina chitendwa asi Kristu, hatina murairo asi rudo, hatina bhuku asi Bhaibheri. Ndiri Bhuku rega ratinoziva nezvoro, uye chinhu choga chatinoziva, chatinacho. Sezvo Ropa raJesu Kristu rinotishamba kubva kuzvivi zvose, tine kuyanana mumwe nemumwe, munhu wose.

⁵¹³ Ndanga ndichicherechedza, mangwanani ano, kune vamwe venyu imi vanhu mungadai manzwa hama ichinamata. Yaive muKatorike, saka, kana kuti yaimbove muKatorike. Uye tine mhando dzose dzakasiyana dzevanhu dzinouya pano. Ndangova nemukana wakanaka, nguva shoma yapfuura, yekukwazisa ruoko rwehama yechiMennonite yakagara imo muno. Uye vanobva kumaMennonite, vanobva kumaMethodisti, vanobva kumaBaptisti, nemaKatorike, kana ani naani anoda, ngavauye. Uye tinoyanana pamwe chete pamaropafadzo eShoko raMwari.

Vagere pano pane Jehovah Witness nemhando dzakasiyana dzevanhu, saka, vemasangano akasiyana-siyana.

514 Ini ndaisimboda (zvakanaka, ndichiri nazvino) Madokero. Ndinoda mabhiza nemombe. Ndakangorererwa papurazi, uye ndi—ndinozvida. Uye taiwanzokokorodza mombe, zvino ndaienda navo. Zvino taive nefenzi yekuchengetedza mombe. Handizive kana imi vanhu vekuMabvazuva muchiziva chinonzi fenzi yekuchengetedza mombe, kana kuti kwete. Ndeapo pamunoisa mombe musa—sango, vane fenzi yekuti dzisatetereka, ndizvo zvavaiidaida, dzichidzoka zasi kumapurazi. Dzaizodya uswa, uko kwavanokudza huswa hwekudya muchando. Uyezve kumusoro mugomo, vanewo fenzi dzinochengetedza mombe, kwavanopatsanura hadzi nehono dzhumwe huwandu, nezvimwe zvakadaro. Inonzi fenzi inochengetedza mombe. Asi fenzi huru yacho ndeiyo apo panomira sapurazi apo mombe padzinenge dzichipfuura.

515 Uye zvino ndakagara ipapo, mazuva mazhinji, muchigaro changu chepabhiza, uye ndakadzitarisa apo mombe dzaipfuura. Paive nemhando dzose dzakasiyana-siyana dzemicherechedzo dzakapinda. Paiva nedzimwe dzainzi “Diamond.” Uye dzimwe dzacho dzainzi “Bar X.” Uye dzimwe . . . Dzedu dzaive “Tripod,” chimwe chinhu chakaita semucherechedzo weBoy Scout. Muchinda aitevera, pazasi pachu, waive “Turkey Track,” pabhiza. Uye vaive nemicherechedzo yose yakasiyana-siyana, kuti—kuti vazive mombe dzavo pavaidzinhira kunze.

516 Zvino, sapurazi akanga asingabatikane kwazvo nokuti dzaive nemucherechedzo wakaita sei, asi hecho ichi, sapurazi aifarira kuona chikwangwani chaive munzeve madzo. Chese chaipinda imomo, zvisinei kuti chaive nemucherechedzo wakaita sei, chaifanira kunge chiri cheHereford yepamavambo chaiyo. Yaisagona kupindamo kunze kwekunge yainge iri Hereford. Yaifanira kuva chipfuyo chakanyoreswa kana kuti yaisakwanisa kupfuura.

517 Ini ndinofunga, pazuva iroro kana Ishe vauya, haVasi kuzotarisa kune chero mucherechedzo watakapfeka, asi kana tese tiri Makristu akabarwa patsva. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo zvipfuyo zvaKristu. Kuongororwa kweRopa ndiko kuchatiratidza, tose tiri Makristu. Uye kana tichizove nenzira iyoyo *ikoko*, zviri nani kuti tingove saizvozvo pano. Hamufungi kudaro here? Ndiyo nzira, tinoyemura nayo kuyanana kwese kunobva kumachechi akasiyana.

518 Zvino tiri kudzidza muBhuku iri rakaropafadzwa raVaHebheru. Imwe hama yakanakidzwa naro zvikuru kusvikira vakatora matepi uye vari kugadzira bhuku rezvidzidzo pamusoro peizvi.

519 Zvino tiri kuuya, munguva pfupi iri kutevera, kuchitsauko 11. Tinotarisa kupedza mwaka wechando pane izvozvo,

pachitsauko 11. Kune mumwe nemumwe wevanhu ivavo, tinoda kudzokera nemuBhuku uye tobatanidza Rugwaro rwose pamwe chete. Ndanga ndiri kuzozviita. Ndinoita muchidimbu, pane zvimwe zvezvi, zvezvitsauko zvekumashure, kuita kuti Bhuku rose risunganidzwe pamwe chete. Nokuti, munoona, Gwaro rinofanira kuratidza Gwaro.

⁵²⁰ Naizvozvo, kana paine kupikisana, kwekuti chero munhu angafunga kuti Magwaro anopikisana, kukanganisa ikoko. Hakuna Gwaro rinopikisana nerimwe Gwaro. Ku—kupikisana kwacho ndeapo pekuti pamwe Rinopikisana nenzira yematarisiro edu paRiri, asi haRizvipikise pachaRo. Ndanga ndiri mushumiro, ndichienda mberi kwemakore makumi maviri nematanhatu zvino, uye handina kumbobvira, nguva imwe, ndakawana chinhu chimwe muBhaibheri chinopikisana nechero chinhu chipi zvacho chakanyorwa muBhaibheri. Uye ndi—ndinongoziva kuti hachipo ipapo.

⁵²¹ Uye nhasi tiri kudzidza mune chimwe chezvitsauko zvakaropafadzwa zvikuru zvaVaHebheru, chitsauko 7. Uye kana paine munhu asina Bhaibheri, anoda kutitevera mukuverenga, tingafara kukuvigira Bhaibheri kana ukangosimudza ruoko rwako. Ndichaita kuti vamwe vevakuru, mumwe munhu, auye kuno kuzitora mamwe. Mumwe munhu ari kusimudza maoko avo kumashure uko. Zvino maita henyu, hama. Uye kana uchida Bhaibheri, ingosimudza ruoko rwako, zvino vanouya naro kwauri.

⁵²² Zvino, nzira chete inogona kuvakwa nayo chechi, nzira chete yokuti munhu agone kuva neKutenda, hazvisi nesangano rake, kwete nekubatana kwake. Asi Kutenda kwake hakuzorore padzidziso yebhaibheri yepfungwa dzemumwe munhu, nokuti zvazviri, tingati, zvose achingori munhu. Asi nzira chete Kutenda kunogona kuwana nzvimbo yako yekuzorora yakadzama, kuva paShoko raMwari risingazungunuke uye risingashanduki. “Kutenda kunouya nokunzwa, kunzwa Shoko.” Ndizvo zvazvinotora. Uye—uye kana Kutenda kwanzwikwa nekugamuchirwa, zvaringana nekusingaperi. Hapana chimwezve chinogona kukufambisa, zvisinei kuti chii chinouya kana chinoenda. Hapana chinofa chakagona kushandura Kutenda ikoko. Funga nezvazvo. Wakaiswa hoko, uye hauchamboshanduki, munguva nemuZiyendanakuenda. Wakaiswa hoko nekusingaperi, “Nokuti Mwari, nechibayiro chimwe chete, vakakwanisa nokusingaperi avo vakacheneswa, kana kuti vakadanwa.”

⁵²³ Uye Kutenda kune nzvimbo yakakura kwazvo muMukristu, muhupenyu hwemutendi, zvokuti kunogona kumira padivi peguva rine madhaka kana pamusoro pebhokisi, umo mwana anokosha kana mudiwa apfuura kubva muhupenyu huno kuenda mhiri kure. Uye nematarisiro akakwasharara eziso rechapungu, kunogona kutarira kuna Iye akati, “Ndini Rumuko neHupenyu.”

Uye vanokanganwa zvinhu zvaive zvakare. Vanoshingairira kunharidzano yekudanwa kwepamusoro.

⁵²⁴ Ndinofara kwazvo kuti Mwari vakapa kwakadaro, uye vakakuita chipo chemahara kune vese. Ndizvo zvinofanira kuva machechi. *Machechi* hazvirevi kuti maskereke kana masangano; zvinoreva, “Mapoka evanhu, evatendi, vakaungana pamwe chete pasi pekuyanana kwemuShoko.”

⁵²⁵ Uye mukudzidzisa kunoshamisa uku pano kwaMutsvene Pauro, kumashure, muzvitsauko zvekumashure, anga achibata zvakananga nezve Humwari hwepamusoro-soro hwaIshe Jesu uye neiZvo zvaAive. Kristu aive Mwari, akaitwa kuti vanhu vaMunzwe nekubata uye nekutoMubata, ne—nekuyanana naYe. Kristu, Ishe Jesu, aive mutumbi waigara Mwari, “Mwari vakaitwa nyama vakagara pakati pedu.” Timotio Wokutanga 3:16, “Pasina kupikisa chikuru chakavanzika chehumwari, nekuti Mwari vakaratidzwa munyama.”

⁵²⁶ Jehovha vakuru vakaburuka pasi uye vakaitwa vanobatika, nokurarama mumutumbi weMwanakomana waVo Vomene, vachizivisa nekuyanansira nyika kwaVari. Mwari vakanga vasiri chinhu... Kristu akanga asiri chimwe chinhu kunze kwekuva Mwari, uye—uye Mwari vakanga vasiri chimwe chinhu kunze kwekuva Kristu. Vaviri pamwe chete vakaita Humwari mumutumbi, akaitwa wakaderera zvishoma pane Ngirozi, kuitira kuti Azotambudzika. Ngirozi hadzigoni kutambudzika. Jesu ndiye aive Tabhenakeri yaigara Mwari.

⁵²⁷ Bhaibheri rakataura, muchitsauko 7 cheMabasa eva Apostora, kuti, “Matabhenakeri, nokupiswa... zvipayiro nezvipiriso zvinopiswa haMuna kuzvida, asi MakaNdigadzirira mutumbi. Zvisinei hazvo Wekumusoro-soro haagari mumatabhenakeri akagadzirwa namaoko, asi MakaNdigadzirira mutumbi,” kuti mukugara kana kugara ari mukuyanana nemunhu.

⁵²⁸ Mwari vanotendera, tichingobva kupedza nechitsauko chino pano, kana kupedza neBhuku rino, tinoda kudzokera kunotora Bhuku raRute toratidza imomo kuti Mwari vakava hama yedu sei, kuyanansa vakarasika kuti vadzokere kwaVari kuburikidza nokuyanana nokuva mumwe wedu. Mudzikinuri anofanira kunge ari hama, uye nzira yoga yokuti Mwari vave hama kwatiri, kuva mumwe wedu. Saka, haVaigona kuva Ngirozi zvino vova hama kuvanhu.

⁵²⁹ Manheru akapfuura pandakanga ndichitaura nemwanakomana akagodorwa pamoyo, mubati pamwe neni, waamai vachangobva kushaika, akati, “Oo, Hama Bill, ndinofungidzira kuti iNgirozi manheru ano.”

⁵³⁰ Ndakati, “Kwete, Earl. Havazombovi Ngirozi. Mudzimai, manheru ano, sezvavakangoitwa naMwari, uye ndizvo zvavacharamba vari, kwete Ngirozi.” Mwari vakagadzira

Ngirozi. Havana kumbobvira vakagadzira vanhu kuti vave Ngirozi. Vakagadzira Ngirozi *nevanhu*. Saka vanhu havazombovi Ngirozi, uye Ngirozi hadzizombove vanhu. Mwari vakavaita vakasiyana.

531 Zvino, uye muna Kristu achiva nyama kuti adzikinure kubva kumhiri kuya kukuru uko munhu akange akawa, uye kuti kusafa kubudikidza nechivi kwakaburuka, Mwari vakaburuka pasi uye vakatora chimiro chemuumbwa wemunhu, uye vakava hama kwatiri, kuitira kuti Vatakure zvivi zvedu uye nerufu rwedu.

532 Uye mune mumwe wemifananidzo watakanga tichipa, muzvidzidzo zvapfuura, kangori kanheyo kadiki chete kuitira kuti mutsva anzwisise. Mwari, vari munzira yaVo yekuenda kuKarivhari, apo rumborera rwerufu rwakanga rwuri paVari, uye rwakanga rwuri kunziririka paVari, uye pakupedzisira rwakaVaruma kusvikira Vafa. Vakafa kusvikira zuva rakarega kupenya. Vakafa kusvikira mwedzi nenyeredzi zvakaramba kupa chiedza chazvo.

533 Zvokuti, Vakatozozviita izvozvo, kuti vanyudze rumborera rwerufu! Dai Vainge vari munhu asingafi, dai Vakange vari muTiyofani, kana kuti vari muMweya, rufu haruna simba pamusoro pazvo. Waifanira kuve nyama, kuti Vagokwanisa kutora rumborera rwerufu. Asi kana nyuchi kana chipembenene chinoruma, kana chikangoruma zvakadzika, hachizomborumi zvakare. Chinosiya rumborera rwacho munyama. Uye ndizvo izvo Kristu aka- . . . kana kuti Mwari vakava. Kristu akagara munyama, kuti Agonyudza munyama yaKe pachaKe rumborera rwerufu. Uye rufu parwakabva paAri pamuchinjikwa, rwakasiya rumborera rwaro, harwuchakwanisa kuruma mutendi zvakare. Rwunogona kuita ruzha rwemahon'era, rwunogona kuziririka nekutyisidzira, asi harugoni kuruma. Haruna rumborera.

534 Mutsvene Pauro mukuru, ari pakufamba kurufu rwake, akadanidzira ndokuti, “O rufu, rumborera rwako rwuripi? Uye guva, kukunda kwako kuripi? Asi Mwari ngavavongwe Vakatipa kukunda kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu, nokuti zvole rufu neguva zvarasikirwa nesimba razvo.”

535 Zvino, ipapo, Svondo yapfuura takatora, “Tichisiya nheyo dzedzidziso yaKristu,” muchitsauko 6, tinoverenga izvi, “ngatipfuurirei mberi pakunokwaniswa.” Uye takaona kuti vanhu nhasi mumachechi mazhinji, pamwe chete neBranham Tabhenakeri nemamwe akasiyana, tinonyanyogara zvakanyanya pakunzvera pamusoro pedzidziso dzepakutanga dzaKristu: Aive Mwanakomana waAbrahama, Aive Mwanakomana wa—wa*Nhingi-nhingi*, uye zvichidzokera kumashure, madzinza acho. Asi Bhaibheri rakati, “Ngatiisei parutivi zvinhu izvozvo, uye tipfuurire mberi pakunokwaniswa.”

536 Chekutanga unofanira kuziva dzidziso, uye zvakare unofanira kuziva zvinhu zvose izvi; zvino ngatizviisei parutivi, akadaro, zverumuko rwevakafa, kuturikwa kwemaoko, rubhabhatidzo, nezvitevedzwa zvose zvaMwari zvakafa. Zvisinei, izvo—izvo hazvina Hupenyu mazviri. Asi chechi nhasi inongoenda kuzvinhu izvozvo, “Oo, tinotenda Muhumwari hwaKristu.” Hongu. Chokwadi. “Tinotenda murubhabhatidzo rwemumvura.” Hongu. Chokwadi. “Kuturikwa kwemaoko.”

537 Pauro akati, “Tichaita zvese izvi kana Mwari vatendera. Asi pamberi pazvo zvose izvozvo, ngatizviisei parutivi zvino, uye tipfuuire mberi pakunokwaniswa.”

538 Zvino, chechi haigoni kukwaniswa kuburikidza nemasangano. Inotoenda kure-kure naMwari, nguva dzose, kana kure-kure kubva kune imwe neimwe. Tinoisa miganhu, tinozvipatsanura, tichiita setisina Kutenda. Asizve kana tasiya nheyo dzepamavambo dzedzidziso iyoyo, kana tikafambira mberi kusvika pakukwaniswa, zvino zvinhu zvidiki izvozvo hazvizovi nebasa rakanyanya.

539 Tinopinda muhukama, uye tinoona kuti nzira chete yatinokwanisa kukwaniswa nayo ndeyokuva muna Kristu. Uye tinoona zvino, nedzidziso dzeBhaibheri, mapindiro atinoita muna Kristu; kwete nekubhabhatidzwa mumvura, kwete nekuturikwa maoko, kwete nedzidziso. “Asi neMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete uye tokwaniswa kubudikidza nokutambudzika kwaKe.” Zvadaro, tinotaridzika zvakasiyana. Tinofunga zvakasiyana. Tinoita zvakasiyana. Tinorarama zvakasiyana. Kwete nekuti ibasa kana kuti tiri nhengo yechechi, asi nokuda kwe “rudo urwo Mwari vakadurura mumwoyo yedu kubudikidza noMweya Mutsvene,” zvinotiita vagari pamwe chete vemuHumambo hwaMwari, zvino hapana sangano kana miganhu mazviri. Tese tiri Mutumbi mumwe chete mukuru.

540 Zvino tagadzirira kupinda muchidzidzo chemangwanani, munguva shoma. Chimweze chinhu chandinoda kusvika kwachiri pano, ndiko kuti, kuti, Pauro achitaura muBhuku, rechitsauko 7, kana kuti, 6, tinoona pano kuti tinokwaniswa muna Kristu. Zvino mundima 13 yechitsauko 6, kwekanheyo kadiki chete.

*Nekuti Mwari paakaita vimbiso kuna Abrahama,
nekuti Wakanga asina mukuru kwaari waangapika
naye, wakapika naiye amene,*

Mwari vakapika Vomene, nokuti haVaigona kupika nomumwe mukuru akadarika.

541 Zvino tinoda kudzokera shure. Ngatimbosvikai pana VaGaratia kwenguva shoma chete. Vhuraizve kuBhuku raVaGaratia, uye titore VaGaratia 3:16. Uye tichaverenga pano kwechinguvana, kweizvo zvaVakapika nazvo.

Zvino chipikirwa chakaitwa *kuna Abrahamama* nekumbeu yake. *Haarevi achiti*, Nokumbeu, sedzinenge dziri *zhinji*; *asi* seinenge iri imwe, . . . kumbeu, inova *Kristu*.

542 *Zvino* kana mukacherechedza, muchizviverenga nepedyo, muchiverenga.

. . . *kuna Abrahamama* nekumbeu yake (imwe) zvipikirwa (muhuwandu) zvakaitwa.

543 “*Abrahamama* neMbeu yake.” *Zvino*, Mbeu ya *Abrahamama* yaiva imwe chete, aiva *Kristu*; mukufanofananidzira, Isaka.

Asi *Abrahamama* akanga aine vana vazhinji. Aive nemumwe asati ave nalsaka, izvo zvairatidza kukanganisa kwekusatenda kwa Sara aida kuti Hana aunze mwana, achifunga kuti akanga anyanyisa kuchembera, uye kuti Mwari vanyenyeredze uye voita neimwewo nzira kubva panzira ya Vanga vakavimbisa kuzviita.

544 Asi Mwari vanochengeta vimbiso yaVo. *Zvisinei* nokuti zvingaratidzika kuva zvisina musoro sei, Mwari vanosungirwa kuvimbiso yaVo. *Zvino* Sara akafunga kuti zvimwe angawana Hana, kana kuti, Hagari, waro, murandakadzi wake, kuti abereke mwana kubudikidza na *Abrahamama*, uye iye aizomutora. *Zvino* akazova Ishmaeri, aiva munzwa munyama, kubva ipapo kusvika *zvino*. Achiri munzwa munyama, nokuti kubva imomo makabuda maArabhu, uye vakagara vakadaro.

545 *Zvino*, chero nguva yaunopokana Shoko raMwari riri pachena *zvino* wotora imwewo nzira, ichava munzwa munyama yako kubva ipapo zvichienda mberi. Iwe tora zvakangotaurwa naMwari. Kana VakaZvitauro, ndizvo chete zvaVanoreva. Oo, Zita raVo ngariropafadzwe! Ingotora Shoko raVo.

546 Hazvina mhosva kuti chii chinoedza kunyenyeredza, iti, “Zvakanaka, haZvireve Izvozvo chaizvo.” *Zvino*reva bedzi zvaRinongotaura, kana Mwari vaita vimbiso.

547 *Zvino* kana tikacherechedza nepedyo.

. . . *Abrahamama* nembeu yake ndivo zvipikirwa . . .

Mumwe akanga ari Mbeu, imwe chete, uye mumwe akanga ari vimbiso. Pane vimbiso inopfuura imwe chete, uye nevanopfuura munhu mumwe chete vanoverengerwa muMbeu ya *Abrahamama*. Maona? Pane Mbeu imwe chete, asi vanhu vazhinji veMbeu iyi. Maona? Vakanga vasingori *Abrahamama* chete, kana kuna Isaka chete. Asi . . . Yakanga iri kuMbeu yose ya *Abrahamama*. Vimbiso dzakaitwa kune imwe neimwe mbeu yeMbeu iyoyo. Mazvibata here?

548 Naizvozvo, isu, takafa muna *Kristu*, maererano neMagwaro, tinotora Mbeu ya *Abrahamama* uye tiri vadyi venhaka maererano nevimbiso. Kwete nekujoinha chechi, kana kugadzira zvitevedzwa zvakafa, kana—kana zvimwe zvakadaro. Asi

nokuzvarwa noMweya waKristu, tiri Mbeu yaAbrahama, uye tiri vadyi venhaka pamwe chete naYe muHumambo.

549 Zvino tinopfuurira mberi, kuverenga, zvino, neche pamberi zvisihoma zvino, “Mwari vachiita mhiko.” Zvino ndima 17 yechitsauko 6.

Saizvozo Mwari, wakati achida zvikuru kwazvo . . .

. . . Mwari, wakati achida zvikuru kwazvo kuratidza kuvadyi venhaka yechipikirwa kusashanduka kwezano rake, akarimbisa nekupika:

550 Oo, ngatimbozororai zvino maminiti mashoma. “Mwari vachitonyanya kuda.” Kwete nekuti Vaifanira kudaro, asi kuita kuti ichi chive chinhu chechokwadi.

551 Zvino, tatoona kare kuti Mwari vakave nyama, vakagara pakati pedu, kuti VakaZviratidza kunyika sei. PaAkawana mukadzi ari muhupombwe, akati, “Ini handi—haNdikupi mhosva. Enda, usazotadzazve.” PaAkawana vairwara, Akaita chaizvo nenzira yaAifanira kuzoita, nokuti Aiva Mwari, uye A—Akapodza varwere. Akamutsa vakafa. Akaregerera zvivi. Zvisinei kuti vaive vakadini, uye vangani, uye kuti vakadzokera shure sei, Akavaregerera, zvakadaro, kana vainge vachida kuuya uye vozokumbira.

552 Zvino cherechedzai. Kana Mwari vakaita chero imwe nguva pane chimwe chinhano, uye kana chinhano chimwe chete ichocho chamuka zvakare, Vanofanira kuita kechipiri sezvaVakaita kekutanga kana kuti haVana nduramo. Maona? Hazvinei nokuti wakaipa sei muchivi, ungave wasvika pakuderera zvakadini, Vanofanira kuita kwauri sezvaVakaita kumudzimai uya aive akawa kana kuti Vakaita zvisizvo ipapo. Kuita kwaMwari ndizvo zvaVari Pauzima, uye zvaVari mukuita kwaVo zvinozivisa zvaVari Pauzima.

553 Uye ndiyo nzira yauri, mukuita kwako muhupenyu, kunotaura zvauri. Sezvakaita uye nokupfuura nemazviri, chidzidzo kana zviviri zvapfuura, vanhu veMethodisti vaida kuzivisa, “Paunodanidzira, waUwana.” Mupentekosti anoti, “Pawakataura nendimi, Unawo.” Muzunguziki akati, “Paunozunguzika, waUwana,” Vazunguziki vekuPennsylvania. Uye tinoona kuti vose vanokanganisa. Hupenyu hwako hunoUzivisa. Hunhu hwako hunozivisa zvauri. Munhu anozivikanwa nemabasa ake, uye nechero zvingave zviri hupenyu hwako.

554 Makanzwa nyaya yekare, “Hupenyu hwako hunotaura zvine ruzha kwazvo, handikwanisi kunzwa mazwi ako.” Saka chero zvauri, ndizvo zvauri. Hupenyu hwaunorarama hunoratidza mhando yemweya uri mauri.

555 Uye zvakare unogona kutevedzera chinhu chisiri icho, kana, kutevedzera chinhu chaicho, regai ndidaro. Unogona

kutevedzera Mukristu. Asi pachauya, gare-gare, nguva iyo kumanikidzwa kuchaiswa pauri, zvino zvicharatidza zvauri. Ngetani ine simba rayo gurusu pachibatanidzo chayo chine hutera hwakanyanyisa.

⁵⁵⁶ Kristu Mwanakomana waMwari paakaiswa pakuedzwa, zvakararatidza zvaAkanga ari. Chokwadi. Kana waiswa pakuedzwa, zvicharatidza zvauri. Hupenyu hwako hunogara huchiratidza zviru mukati mako. Gare-gare, iva nechokwadi chekuti zviri zvako hazvikuwane. Uye ndizvo zvatiri kuedza kutaura.

⁵⁵⁷ Jesu akati, muna Mutsvene Johane 5:24, “Uyo anonzwa,” kwete uyo anozunguzika, uyo anotaura, uyo ano... “Uyo anonzwa Shoko raNgu, uye achitenda kuna iYe wakaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi, uye haangatongouyi pakutongwa; asi apfuura kubva murufu achienda kuHupenyu.”

⁵⁵⁸ Ndiko kutenda kwako. Uye kutenda kwako, kunopupurwa nemiro mo yako, kunoratidza kuvanhu vanogona kunzwa, asi hupenyu hwako huri pachena pamberi pevose. Saka, zvisinei nokuti unoedza zvakadini kuita *izvi* uye woita *izvi*, hazvimbofi zvakashanda. Zvinofanira kunge zviru mauri. Ndiro dingindira chairo renyaya yese. Kutenda kwako pachezvako muna Kristu akamuka, seMuponesi wako; kuti Ari kuruoko rwerudyi rwaMwari, achishanda panzvimbo yako mangwanani ano, uchishanda panzvimbo yaKe zasi kuno sechapupu. Chapupu chinoshanda pachinzvimbo chemumwe munhu, chinokumiririra sechapupu. Uye apo hupenyu hwako huchiratidza pano kuti huchapupu hwako huri muna Kristu, hunoratidza ikoko uye hunoratidza pano. Uye Ari kumusoro uko, sezvaAri kwauri, ichadzera chekwese ikoko nepano. Saka uri... Nokutenda kwako, wakaponeswa, uye izvozvo zvoga. Saka, kutekenyedzwa, manyawi, manzwiwo, chero chinhu, hazvina kana nzvimbo maUri. Zvino, kwete... .

⁵⁵⁹ Zvino, usafunge zvisizvo, kuti handitendi mumanyawi aya. Zvirokwazvo. Asi zvatiri pazviru zvino, kuedza kurovedzera muvanhu ava vezuva rino, haasi manyawi. Dhiyabhore akatora zvinhu izvozvo akaenda mukupengereka nevanhu, achivarega vachiisa magumo avo eZiyendanakuenda panyawi. Kudanidzira, kutaura nendimi, kuenda kuchechei Svondo yoga-yoga, vachiita seMukristu, izvozvo hazvizove nechero chinhu chimwe chazvichareva pazuva iroro. “Kunze kwekunge munhu abarwa patsva.” Uye hupenyu hwako hunoratidza zvauri mukati, munoona, kwete manyawi ako.

⁵⁶⁰ Unogona kuva neropa mumaoko ako, unogona kutaura nendimi, unogona kupodza vanorwara, unogona kufambisa makomo nokutenda kwako, uye hausi chinhu nazvino. VaKorinde Vokutanga 13. Maona? Chinofanira kuva chimwe chinhu chakaitika kubudikidza neKuberekwa kunobva kuna Mwari, uye Mwari vanounza Kuberekwa kutsva mauri, uye

vokupa chikamu chaVo. Zvadaro zvinhu izvozvo zvinovapo. Uri chisikwa chitsva. “Ndinovapa Husingaperi.”

⁵⁶¹ Takapfuura nemushoko rekuti “Nokusingaperi.” *Narinhi* “chikamu chenguva.” *Ziyendanakuenda* kugara narinhi, narinhi narinhi, asi kunongova neZiyendanakuenda rimwe chete. Uye tinoona kuti unogamuchira Hupenyu Husingaperi, uye shoko racho muchiGiriki ndiZoe, zvinoreva kuti “Hupenyu hwaMwari.” Uye unogamuchira chikamu cheHupenyu hwaMwari, hunokuita mwanakomana waMwari pamweya, uye unogogara nokusingaperi saMwari vanogara nokusingaperi. Hauna magumo, hapana nezvimbo yekumira, nekuti wakanga usina nzvimbo yekutangira. Chero chinhu chine mavambo chine magumo, uye icho chisina mavambo hachina magumo.

⁵⁶² Tinoda zvakadini Shoko iroro rinokosha! Kutu Mukristu anofanira kusimbiswa sei muKutenda kwakambopiwa kuvatsvene, uye asingapeperetswe-peperetswe, kwese-kwese, uye achijoinha machechi akasiyana. Chero chechi yaunoda kupinda mairi yakanaka, chero bedzi uri Mukristu. Asi kutanga isa chinhu chekutanga, kunova Kuberekwa ikoko kunoita kuti uve hama kuna Mwari, apo Mwari vachiva hama kwauri.

⁵⁶³ Vakava hama, kuti Vagokumutsa. Vasati Vagona kukumutsa, Vanofanira kukupa Hupenyu Husingaperi. Zvino Mwari vakatozova hama, kuti vatore rufu, kuti vakumutse. Zvino unofanira kuva hama kwaVari, kuitira kuti upinde murumuko. Munoono zvazviri? Kungochinjanisa. Mwari vakava iwe, kuti iwe uve Mwari. Maona? Mwari vakava chikamu chako, nyama, kuti iwe nenyasha dzaVo uve chikamu chaVo, ndizvo zvoga, kuti uve neHupenyu Husingaperi.

⁵⁶⁴ Mufananidzo wakangonaka, uye, oo, tinouda.

Zvino, Mwari, wakati achida zvikuru kwazvo . . .

⁵⁶⁵ Havaifanira kudaro, asi Vakanga vachida kudaro. Ndinofara kwazvo nazvo, hamudaro here, kuti Mwari vedu vanotoda? Tarisai. Ko dai Ivo—ko dai Ivo vakanga vasina mwoyo murefu? Chibereko cheMweya chii? Rudo, mufaro, kutenda, rugare, mwoyo murefu. Ndicho chikamu chaMwari chiri mauri. Uye unogona kutsungirira, kutakurirana mitoro mumwe nemumwe. Kuregererana mumwe nomumwe, saMwari nokuda kwaKristu vakakuregerera. Mweya waMwari uri mauri unokuita saizvozvo. Uye zvakare Mwari pavakanga vari pano panyika uye vakave iwe, vakava chivi, kuti Ivo vachitora chivi chako, vakakutakurira uye vakakubhadharira muripo wako nokuda kwacho. Mwari vane mwoyo murefu, vanotakura mitoro yedu.

⁵⁶⁶ Uyezve NdiMwari wakanaka. Kana uchida, zvimwe zvinhu nenzira yako, unoziva, Mwari vakanaka zvakakwana kuzviita. Vanoda ku—kukuita kuti ufare. Vanoda ku . . . Ivo—Ivo rudo, uye rudo rwaVo rukuru rwunoVamanikidza kuti vatombodzike pasi dzimwe nguva, kukuita kuti uwane zvinhu zvaunoda.

567 Tarisa kuna Tomasi, mushure merumuko. Tomasi aisatenda. Oo, ane vana vakawanda nhasi. Asi Tomasi akati, “Kwete. Kwete. Ndichafanira kuva nehumwe humbowo. Ndichatofanira kuisa maoko angu murutivi rwaKe, uye mune aKe. . . minwe yangu neche muno mumaoko aKe, ndisati ndaZvitenda. Ini, handina basa nezvamunotaura.” Munoono, akanga ari kunze kwehurongwa hweMagwaro, ipapo chaipo. Unofanira kuZvitenda. Saka akati, “Ndinofanira kuva neimwe mhando yehumbowo, kuZviratidza.”

568 Zvino Jesu akaoneka, Akanaka, “Huya pano, Tomasi, kana zviri izvo zvauri kuda, saka, hezvinoka izvi. Unogona kuva nazvo.”

569 Ndizvo zvatiri. Tinoti, “Ishe, ndinofanira kutaura nendimi. Ndi—ndinofanira kudanzidzira. Ndinofanira. . .”

570 “Oo, pfuurira mberi, Ndichakutendera kuti uve nazvo.” Vakanaka.

571 Saka akaisa maoko ake padivi raKe, ndokubva ati, “Oo, ndiShe wangu naMwari wangu.”

572 Akati, “Zvino, Tomasi, unotenda nokuti waona. Asi mukuru sei mubayiro waavo vasina humbowo asi zvakadaro vanoZvitenda!” Hezvoka izvo. Ndiko kwatinofanira kusvika. “Mubairo wavo mukuru zvakadini avo vasina chavakaona asi zvakadaro vachiZvitenda.” Chiito chekutenda, kuti tinoZvigamuchira.

573 Zvino, ndinotenda zviratidzo zvinotevera vatendi, asi ngatiisei zvinhu zvekutanga pekutanga. Unogona kuva nezviratidzo, usina Izvi. Pauro akati unogona. Akati, “Ndaigona kutaura nendimi sepose vanhu neNgirozi; handisi chinhu. Ndinogona kufambisa makomo nokutenda kwangu; handisi chinhu. Ndaigona kunzwisisa Bhaibheri, nenzira yokuti ndaigona kuziva zvose zvakavanzika zvaMwari; handisi chinhu.” Munoono, zvipo zveMweya Mutsvene, pasina Mweya Mutsvene wacho.

574 Mweya Mutsvene ndiMwari. Mwari rudo, mufaro, rugare, mwoyo murefu, hunyoro, kutsungirira. Ndiwo Mweya waMwari. Ndivo vanomutswa naMwari mumazuva ekupedzisira, kubudikidza neMweya iwoyo.

575 Zvino, “Asingade. . .”

. . . Mwari, achida zvikuru kuratidza kuvadyi venhaka yechipikirwa. . .

. . . Mwari, achida zvikuru. . . kuratidza. . . vadyi venhaka. . .

Vadyi venhaka ndivana ani? “Isu, takafa muna Kristu, tinova Mbeu yaAbrahama, uye tiri vadyi venhaka.” Oo, zvinosinina mukati here? Tiri vadyi venhaka yeHumambo hwaMwari, kubudikidza nemhiko yakapikwa. Mwari vakanga

vasingafaniri kupika. Shoko raVo rakakwana. Asi Vakapikawo, zvakare, pachezvaVo, nokuti kwakanga kusina mumwe aidarika pahukuru.

576 Tichipfuurira mberi nokuverenga, kwechinguvana, teererai.

... chipikirwa chokusashanduka kwezano rake, akachisimbisa nemhiko:

577 “Kusashanduka,” vasingashanduki. Mwari havakwanise kushanduka. Vanofanira kuramba vari vamwe chete. Uye kana Mwari vakapodza munhu mumwe chete airwara, haVambogoni kushandura maonero aVo. Mwari vakaregerera mutadzi mumwe chete, chipfeve chimwe chete, haVambogoni kushandura maonero aVo. Kusashanduka, kusachinja kweShoko raMwari. Mwari vakati, mune imwe nzvimbo, “Ndini Jehovha Anopodza zvirwere zvenyu zvose.” Vanofanira kugara naZvo, nokuti haVana magumo. Vakaziva kumagumo kubva kumavambo.

578 Zvino, ndinogona kuti, “Ndichaita *zvakati*.” Uye Bhaibheri rakati, tinofanira kuti, “Kana Ishe vachitendera.” Nokuti, ndiri munhu anofa. Handizivi. Dzimwe nguva ndinotofanira kudzosa shoko rangu, asi Mwari havakwanisi kudzosa raVo. Ivo ndiMwari.

579 Uye Vakangokumbira chinhu chimwe chete, “Kana ukagona kutenda.” Oo, ini zvangu! “Kana uchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka.” “Kana uchigona kutenda,” ndizvo zvoga. “Iwe, kana uchikwanisa,” hoyo mubvunzo wacho. Asi kwete kuti mubvunzo uri paShoko raMwari, nokuti, kusashanduka kwaVo, haVagoni kushanduka. Zvinoshamisa sei!

580 Zvino teererai, tichiverenga tichidzika.

Kuti nezvinhu zviviri zvisingashanduki, nokuti pazviri hazvingabviri kuti Mwari areve nhema, . . .

Hazvigoneki! Chisingagoneki uye chisingashanduki ishoko rimwe chete chaizvoizvo; harigoni kushanduka, harigoni kuzungunuka. Rinofanira kugara rakadaro nekusingaperi. Harikwanise kushandurwa, kusashanduka uye nekusagoneka.

Uye zviviri, nezvinhu zviviri zvisingashanduki, mazviri hazvingabviri kuti Mwari areve nhema, . . .

“Tine zvinhu zviviri?” Hongu. Chokutanga, Shoko raVo rakati Vaizozviita. Chechipiri yaive mhiko yaVo yakapikwa pazviri, Vaizozviita. Oo, ini zvangu!

581 Tinofanira kuva vanhu vomhandoi? Sei tichizopeperetswa-peperetswa uye nokumhanya kwese-kwese, nekutora zvinhu zvenyika nekuita seChikristu cha1957 chakakwenenzverwa? Tinoda kuva mhando yevechinyakare vanотора Mwari paShoko raVo, uye nekudana zvinhu izvozvo zvakange zvisipo, sokunge zvakange zviripo. “Kana Mwari vakataura kudaro, Zvatoringana.”

⁵⁸² Abrahama, uyo akapiwa vimbiso, kwaari nekuMbeu yake, akadana zvinhu zvakanga zvisipo, sokunge zvakanga zviripo. Nokuti, Yakanga iri vimbiso yaMwari, achiziva kuti Mwari havangarevi nhema. Vakamuvimbisa izvozvo, uye akaZvitenda. Uye makore paakapfuura, uye vimbiso yakaita seyaitoenda kure-kure, kuziso renyama, Yakaswedera pedyo kuna Abrahama.

⁵⁸³ Panzvimbo pokuva nehutera, uye woti, “Zvakanaka, pamwe hakuna chinhu chakadaro chinonzi kupodza kwaMwari. Pamwe ndiri kungo-... Pamwe hakuna chinhu chakadaro. Pamwe ndanga ndichikanganisa pakufunga kwangu kwese.” Zvino, zvinoratidza chinhu chimwe chete, kuti hauna kuzvarwa patsva. “Nokuti ndizvo . . .”

⁵⁸⁴ Takazvipedza Svondo yapfuura, kungori kumashure zvishoma muchitsauko. “Nokuti hazvibviri kuti munhu akamboravira zvipo zveKudenga nezvinhu, kuti awe, zvakare kuti azvivandudzeve pakutendeuka.” Zvemazvirokwazvo, hazvibviri zvachose!

Nekuti uyo *akaberekwa naMwari* haaiti uye haagoni kuita chivi; *nekuti mbeu yaMwari inogara maari*: uye *haagoni kuita chivi*, . . .

Mbeu yaMwari iShoko raMwari. “Kutenda kunouya nekunzwa, kunzwa Shoko, ‘Chibairo chakaitwa. Zvose zvakaopera.’”

⁵⁸⁵ Zvino, kana ukaita zvakaipa, Mwari vachakuita kuti uzvibhadharire. Asi kana ukadaro, wakanganisa, hauzwiite uchida. Chitsauko 10, ndima 47, ndinotenda, “Nokuti kana tichitadza nobwoni shure kwokunge tagamuchira zivo yeChokwadi.” Asi mushure mekunge waZvarwa, une Chokwadi; kwete zivo yaCho, asi wakagamuchira Chokwadi uye Chinobva chave mazvirokwazvo. Uye uri mwana waMwari, munguva nemuZiyendanakuenda. Mwari vakapika kuti Vanozozviita.

⁵⁸⁶ Jesu akati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda kuna iYe wakaNdituma, ane Hupenyu husingaperi, uye Ndichamumutsa nezuva rokupedzisira. Haazombouyi paKutongwa. Abva murufu achipinda muHupenyu.” Zvino nemhiko yakadaro, “Mwari vachitoda kuti tiZvigamuchire.”

⁵⁸⁷ Zvino tarisai zvaanotaura pano, Pauro achitaura kune che—chechi.

. . . hazvibviri kuti *Mwari* areve *nhema*, tinofanira kuva nokunyaradzwa kwakasimba, . . .

Kwete, “Saka, kana maBaptisti akasandibata zvakana, ndinoenda kumaMethodisti.” Maona?

. . . tinofanira kuva nokunyaradzwa kwakasimba, *iyesu takatizira* kuhutiziro *kuti tibate tariro yakaiswa pamberi pedu*:

588 Zvino mukuverenga kwekupedzisira.

Iyo *tariro yatinayo* sehoko *yemweya*, . . .

Tariro, mhiko yakapikwa yaMwari, *yatinayo* sehoko *yemweya*, zvose yechokwadi uye *isingazungunutswi*, *uye inopinda kune zviru mukati mechidzitiro*;

589 Ngatitaurei kwechinguvana nezve “chidzitiro.” Hatina kuzvibata zvakanaka manheru eSvondo yapfuura.

590 “Muchidzitiro.” Chidzitiro inyama. Chidzitiro ndicho chinotidzivisa kuona Mwari, chiso nechiso, muchechi muno. Chidzitiro ndicho chinotidzivisa kuona Ngirozi dziri panzvimbo dzadzadzo mangwanani ano, dzakamira pedyo nezvigaro. Chidzitiro ndicho chinoita kuti tisaVaone. Takavigwa seri kwechidzitiro, uye chidzitiro ichocho inyama. Tiri vanakomana nevanasikana vaMwari, tiri muHupo hwaMwari, “Ngirozi dzaMwari dzakakomberedza avo vanoMutya.” Tiri muHupo hwaMwari, nguva dzose. “Handifi ndakakusiya, kana kufa Ndakakurasa. Ndichava newe nguva dzose, kusvikira kumagumo.” Asi chidzitiro inyama, ndicho chinotichengeta tiri kunze kweHupo hwaVo. Asi kubudikidza nemunhu wemukati, Mweya, nokutenda kwedu tinoziva kuti Vakatarisa. Vakamira nesu. Vari pano zvino.

591 Zasi kuDhotani, mamwe mangwanani, mumwe muporofita mutana akakombwa nemauto zvino muranda wake akabuda kunze ndokuti, “Oo baba, nyika yese yakakomberedzwa nevatorwa.”

592 Eria akasimuka, akati, “Handiti, mwanakomana, vanesu vakawanda kupfuura vari kwavari.”

593 Saka, akabwaira-bwaira maziso ake ndokutarisa-tarisa. Hapana chaakagona kuona.

594 Akati, “Mwari, ndaizoda kuti dai Maizarura maziso ake, bvisai chidzitiro.” Zvino chidzitiro pachakadonha kubva pameso ake, apo pakakomberedza muporofita mutana iyeye paive nengoro dzemoto, makomo akanga achipfuta Moto neNgirozi nengoro dzemabhiza. Hezvoka izvo.

595 Oo, ipapo Gehazi aigona kuti, “Nda—ndanzwisisa zvino.” Munoono, chidzitiro chakadonha. Ndipo paive nechidziviso.

596 Hezvinoini izvi. Zvibatei zvakasimba. Chidzitiro ndicho chinotitadzisa kurama nenzira yatinofanira kuita. Chidzitiro ndicho chinotitadzisa kuita zvinhu zvatinyatsoda kuita chaizvo. Zvino Mwari vakafukidzwa munyama, uye chidzitiro chakapamurwa napakati. Zvino Mwari vakava Mwari zvakare, uye Vakamutsa chidzitiro chaVakaZvivanza machiri. Ndirwo rumuko rwaIshe Jesu. Kuratidza kwatiri kuti, muchidzitiro ichi chatakavanda machiri, nokutenda tinoZvitenda nekuZvigamuchira. Uye kana chidzitiro *ichi* chapamurwa nepakati, ndichaenda muHupo hwaVo nechivimbo ichi,

ndichiziva kuti, “NdinoMuziva musimba rekumuka kwaKe.” PaKuuya kwaIshe Jesu, chidzitiro ichi chichamutswa zvakare, nenzira yakakwaniswa, kusvikira ndichafamba nekutaura naYe seMuponesi wangu naMwari wangu, paAchatora chigaro chaDhavhidhi. Uye tichagara nekusingaperi muchidzitiro chino mushure mekunge chakwaniswa, asi chidzitiro ichi chine chivi machiri. Hazvina basa kuti sei. . . Usambofa wakafunga nezvomutumbi wakabwinyiswa munyika ino. Unofanira kufa, zvimwe chete nemweya wako unofanira kufa, kuti ugobarwa patsva.

⁵⁹⁷ Mukukwaniswa, kusadya nyama, nekuita *izvi*, nekunatsa mutumbi, houzombove nawo. Uye unofanira kurega *izvi*, uye woita *izvi*, nekuita *izvi*, uye woita *izvi*, ndiwo murairo. Ndivo vezvemurairo. Hatitendi mumhando dzeruponeso rwemurairo. TinoZvitenda kuti nenyasha takaponeswa. Zvino hausi iwe. Haunei nechekuita nazvo. Isarudzo yaMwari inozviita. “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva.” Ndizvozvo. Uye Iye. . . Chakangouya kuzoitwa naJesu kwaiva kuzotora vaya vakafanozivikanwa naBaba; uye ndokuvatemera nyika isati yavambwa kuti vave vanakomana nevanasikana vaMwari. Amen. “Kwete uyo unomhanya, kana uyo unoda, asi Mwari vanoratidza tsitsi.” Mwari ndivo vanozviita. Iwe haugone kuzvirumbidza, zvachose. Hapana kana chinhu chawakaita. Mwari, nenyasha, vakakuponesa; kwete iwe, pachako. Kana ukadaro, une chimwe chinhu chokuzvirumbidza nacho. Asi iwe hauna kana chekuzvirumbidza. Rumbidzo dzose dzinoenda kwaVari. NdiVo. Vanobva vakupa tariro yechokwadi, “Vakapika nemhiko, kusagoneka kwekuti vana vaVo vambofe vakarasika.”

⁵⁹⁸ Zvino, vanowana shamhu pakuita zvakaipa. Unokohwa zvaunodyara. Unowana izvozvo. Usafunge zvino kuti unogobuda kunze wonotadza, woshaya chinokuwana. Kana ukadaro, uye wova nemaonero iwayo, zvinoratidza kuti hauna kumbobvira wakabarwa patsva. Mazvibata here? Kana uchiri nechishuwo mauri, chekuita zvakaipa, ipapo uchiri kukanganisa. Maona? “Nokuti Vakakwanisa, nokusingaperi, avo vari. . . Uye mhuka dziya dziri pasi peTestamende Yekare, pasi pemazuva emurairo, dzaipiriswa gore negore, nguva dzose, dzaisagona kubvisa chivi.” Asi kana tikaisa maoko edu pamusoro pemusoro waKe, uye toreurura zvivi zvedu uye tobarwa patsva neMweya waMwari, hatisisina chishuwo chechivi. Chivi chabva pauri. Ndezve munguva nemuZiyendanakuenda.

⁵⁹⁹ Uchakanganisa. Uchawa. Uchaita zvakaipa nemaune. Uchabuda kunze pane dzimwe nguva wonoita zvinhu. Hazvirevi kuti warasika. Zvinoreva kuti uri kuzowana kugadziriswa.

⁶⁰⁰ Mwanakomana wangu mudiki, nguva zhinji, vana vangu, vanoita zvinhu. Venyu vanodaro, zvakare. Zvekuti imi. . .

Vanoziva kuti zvinopesana nemitemo yenyu—yenyu. Uye ivo vanoziwa zvekutarisira kana vazviita. Vachawana shamhu nokuda kwazvo, dzimwe nguva yakasimba chaiyo. Asi achiri mwana wako. Zvirokwazvo.

601 Hazvigoneki kuti munhu iyeye kuti ambofe akaenda zvakare, uyo akambozvarwa neHupenyu Husingaperi. Mwari havasi Zindakupa-zindakutorera. “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda kuna iYe akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi; uye haachazouyi paKutongwa, asi abva murufu achienda kuHupenyu. Ndichamumutsa pamazuva okupedzisira.” Ndiyo vimbiso yaMwari.

602 Zvino kana ukaenderera mberi, uchiti, “Oo, saka, zvararo ndinogona kungoita izvo. . .” Ndinogara ndichiita zvandinoda kuita. Asi kana uri Mukristu, haudi kuita chinhu chisina kunaka, nokuti Hupenyu chaihwo huri mauri, hwaro hwacho chaihwo. Kana uchida kuita zvakaipa, zvinoratidza kuti chinhu chisina kunaka chirimo *muno*. “Ko mvura inovava neinotapira ingabuda sei kubva mutsime rimwe chete?”

603 Saka wanga wakavhiringika pane imwe mhando yemanyawi, kana *kumwewo* kutekenyedzwa kunoshamisa: Kanganwa nezvazvo! Dzokera kuartari unoti, “Mwari, bvisai hupenyu hwangu hwekare huzere zvivi, uye mudiise muchinhano chekuti chishuvo changu chese. . .”

“Uyo akaberekwa naMwari haaiti chivi.” Ndizvozo. Haachisina chishuvo chekudaro.

604 Zvirokwazvo, dhியabhore achamuteya *pano neapo*, asi kwete nemaune. Bhaibheri rakataura kudaro. Dhியabhore achamuteya, nguva nenguva. Chokwadi, achazviita. Akaedza kukandira miteyo kuna Ishe wedu Jesu. Akadaro kuna Mosesi, ndokumubata. Akadaro kuna Petro, ndokumubata. Akadaro kune vakawanda, asi. . .Petro akatoMuramba, asi zvararo akaenda akanochema zvikuru. Maiva neChimwe chinhu maari.

605 Njiva payakabuditswa muareka. . .Gunguwo rakabuda, rikaenda kwese-kwese richingorira. Rakanga riri muareka zvakanaka, asi parakabuda, hunhu hwaro hwakanga hwakasiyana. Raigona kudya zvitunha zvose zvakare zvakafa zvaraida, rogutswa. Sei? Rakanga riri gunguwo, kubva pakutanga. Raive mudyi wenyama yakawora. Rakanga risina kunaka. Rakanga riri munyengeri aigara padendere nenjiva, rakangokura sezvaiva njiva. Raigona kubhururuka chero kwese kwaikwanisa kubhururukira njiva. Asi raigona kudya chikafu chakanaka sechinongodyiwa nenjiva. Uyezve raigona kudya chikafu chakaora, icho njiva yaisagona kudya. Nokuti, njiva imhando yakasiyana. Imhando yakasiyana. Iyo injiva. Uye njiva haikwanise kugaya mudumbu chikafu chakaora, nekuti haina kana nduru.

606 Uye munhu akaberekwa neMweya waMwari anova njiva yaMwari, hunhu hwake, shanduko yake, masikirwo ake. Hongu, changamire. Unoisa mweya we—wenjiva mugunguwo, harizombogari pachitunha chakafa. Kana rikamhara nekukanganisa, zvirokwasvo raizobva nekukurumidza. Haraitombozvida. Uye munhu akaberekwa neMweya waMwari, haatombozvigamuchiri. Anogona kupinda mubhawa imwe nguva, asi anobudamo nekukurumidza. Mukadzi anogona kumunyengedza, omuita kuti adzokere, asi anozotendeutsa musoro wake zvakare. Anobva ipapo nekukurumidza. Sei? Iye injiva. Ndizvozvo. Hausi kuzomunyengedza, nekuda kwekuti anoziva. “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu, uye mweni haangateveri.” Injiva, kubva pakutanga. Ndizvo zvandiri kutaura nezvazvo, chimwe chinhu chaicho chinobatirira imomo.

607 Nyatsotarisaisai zvino. “Mwari vakapika.” Oo, zvi . . .

Iyo tariro yatinayo sehoko yemweya, zvose zviviri . . . isingazungunutswi, uye inopinda mune—mune icho chinova chidzitiro;

608 “Chidzitiro.” Mwari vakadzika zasi, vakafukidzwa munyama. Kuitei? Kuti vaZviratidze. Vaifanira kuhwanda, nekuti taisakwanisa kuVaona. Uye Vakahwanda seri kwechidzitiro. Uye chidzitiro chaiva Ani? Jesu. “Kwete Ini anoita mabasa, Baba vaNgu,” akadaro Jesu. “Baba vaNgu vanogara maNdiri. Ndinoshanda. Baba vanoshanda, uye Ndinoshanda kusvikira zvino.” Heunoi Uyu ari Uyo wakafukidzwa, achifamba munyama, Mwari, Emanueri, Mwari vanesu. “Mwari vakanga vari muna Kristu, vachiyananisira nyika kwaVari.” Heunoi Uyu, achifamba-famba.

609 Zvino, Akaburuka ndokuchenesa, kana gadziriro, kana yananiso, kuti kubudikidza nerufu rwaKe akapa, akabhadhara mubairo wechivi, kuti Akwanise kudzoka ozogara matiri. Zvino kutenda kwatinako ku—kutenda kwakafukidzwa, kana munhu akafukidzwa. Naizvozvo hatitarise zvinhu zvatinooona muchidzitiro ichi. Chidzitiro chine dzidziso, uye chinoita zvinhu pamwe nokutaura zvinhu. Chinhu chesainzi. Asi Mweya waMwari mupenyu unogara mukati muno, unodana zvinhu izvozvo zvaive zvisipo, sekunge zviripo, kana Mwari vakataura kudaro. Hecho chidzitiro chenyu. Isu tiri muchidzitiro.

610 Zvino, rimwe zuva Vachamutsa chidzitiro ichi, chisina kuberekwa nemukadzi nokuda kwechishuwo chekusangana kwemurume nemukadzi, asi kubudikidza nokuda kwaMwari Vachataura uye zvichaitika. Ipapo tichava nemutumbi wakafanana nemutumbi waVo Vomene nobwinya. Tichange takafukidzwa, kuti tigone kutaura mumwe kune mumwe, tokwazisana maoko mumwe nemumwe.

611 Zvino, patinoenda tichibva pano, pane tabhenakeri, tiyofani, inongova mufananidzo wemunhu, isingadyi, isinganwi,

isingarari, yakapepuka nekusingaperi. Ndiko kwatinoenda. Asi vakamirira pasi peArtari, vachichema, “Ishe, kusvika rinhiko? Kusvika rinhiko?” kuti vadzokere pasi. Nokuti, vanoda kukwazisana maoko mumwe nemumwe. Vanoda kugara pasi vodya, votaura mumwe kune mumwe. Vatori vanhu. Ngarirropafadzwe Zita raShe!

⁶¹² Mwari pavakasika munhu mumufananidzo waVo pachaVo pakutanga, Vakamuita saizvozvo. Aiyanana mumwe nemumwe, nokuti tinozivana. Tinofarira zvinhu zvatakaitwa naMwari, nokuti takaitwa saizvozvo. MuKuuya kwaKe kukuru, avo vakagadzirira vachave saizvozvo nokusingaperi. Tisingafi, tichamira mumufananidzo waKe. Oo, Zita raKristu ngarirropafadzwe!

⁶¹³ Uye zvino tine rubatso rweruponeso rwedu, apo tinoMugamuchira seMuponesi wedu pachedu, seMupodzi wedu. Yese iyi ndiyo mihoro, kana kuti, migove inobhadharwa pachirongwa cheinishuwareenzi. Ameni. Munoziva zviru chirongwa cheinishuwareenzi. Iwe unogona kutora migove pairi kusvikira hukoshi hwayo hwasvika. Zvirokwazvo. Unogona kutora migove. Uye tiri kutora migove zvino. Chete, chinhu chacho, kana tangotora migove, muhoro wacho unovandudzwa zvakare.

⁶¹⁴ Mumwe mutengesi weinishuwareenzi, imwe nguva, akati kwandiri, “Billy, ndinoda kukutengesera imwe inishuwareenzi.”

Ndakati, “Ndine imwe.” Mudzimai wangu akatarisa kwandiri.

⁶¹⁵ Zvino, handina chandinopesana neinishuwareenzi. Asi vamwe vanhu “havana inishuwareenzi.” Saka, vakatendeuka. Akati . . .

⁶¹⁶ Mudzimai wangu akanditarisa, zvisinganzwisike, “Une inishuwareenzi?”

⁶¹⁷ Ndikati, “Chokwadi.” Hapana chaaiziva nezvayo.

⁶¹⁸ Akati, “Saka, Billy, imhando ipi yeinishuwareenzi yaunayo?”

⁶¹⁹ Ndikati:

Chivimbo chakaropafadzwa, Jesu ndewangu!
Oo, kufanoravira kwakadini kwekubwinya
kwaMwari!
Mugari wenhaka yoruponeso, akatengwa
naMwari,
Akabarwa neMweya waKe, akashambwa
muRopa raKe.

⁶²⁰ Akati, “Zvakanaka kwazvo, Billy,” akati, “asi haizokuise kumusoro kuno kumarinda.”

⁶²¹ Ndikati, “Asi Ichandibuditsa kunze. Ndicho chinhu chikuru.” Handinetseki pamusoro pekusvika ikoko; ndinonetseka nepamusoro pekubuda.

⁶²² Uye sezvo ndine ashuwarenze, naMwari vakapikwa vemuZiyendanakuenda, kuti Vachandimutsazve ndiri mumufananidzo weMwanakomana waVo, nezuva rekupedzisira, ndichafamba nokushinga uye ndigova nenyaradzo nehoko yemweya, kuti, ndichiri muchidzitiro ichi pane chimwe Chinhu chisingaonekwe chakandirovera hoko paDombo remazera kure uko. Kana mvura ikasvetuka uye ikaputika, hazvina kana nemutsauko wazvinoita. Kana rufu, njodzi, kana chero chinhu, hachitiparadzani nerudo rwaMwari. Hoko yangu yakabatirira mukati mechidzitiro. Regai mafashamu asimuke. Regai amhanye. Regai vasingatendi vauye. Mutendi akabarwa patsva ane hoko. Haugone kuona kupfuura nemuchidzitiro ichi nazvino. Asi ndinoziva kuti hoko yangu yakabatirira mhiri uko kune Dombo remazera, Rinova vimbiso yakapikirwa yokuti Vachandimutsa nezuva rokupedzisira.

⁶²³ Ndosaka uchitarisa rufu kumeso, woti, “Rumborera rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripi? Asi ngavavongwe Mwari Vanotipa kukunda kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu.”

Umo anofanotungamira . . .

Oo, ini zvangu! Hatisi kuzosvika pachidzidzo.

Umo akafanotungamira . . . *nokuda kwedu*

⁶²⁴ Uyo anofanotungamira. Makambozvicherechedza here, mumazuva ekare ekumadokero (Nguva zhinji ndakaenda nemutunzira twakare.), uyo anofanotungamira, kana musori? Apo rundaza rwengoro dzamabhiza rwakanga rwuchiparara, nokuda kwemvura, musori akamhanyira mberi. Zvino akaona marudzi emaIndia; akavanyenyeredza. Uye akaona pakanga paine chitubu chemvura. Akamhanya achidzoka kuzoudza mukuru werundaza rwengoro dzamabhiza, “Kwirai mabhiza, munhu wese ivai nekushinga, nokuti seri kwegomo kune chitubu chikuru chemvura.” Ndiye anofanotungamira.

⁶²⁵ Uye pano, Akafanotungamira. Munhu akamboiswa pakamanikana nadhiyabhore, ari pasi pekupfurwa nemabara akawandisa, asi Mumwe munhu akatora nzvimbo yaive ine zvigwagwagwa zvacho. Aive Jesu. Anofanotungamira akafanoenda mberi kwedu. Zvino Satani akamira ipapo aine chigwagwagwa, akatiisa pakamanikana, nguva dzose tiri muhutapwa uye tichitya rufu. Akanga achirinda Chitubu ichocho. Chokwadi, akanga ari. Akapiwa kutumwa kwacho, nokuti takanga tatadza uye taive tadingwa kubva kwaChiri. Asi Anofanotungamira, Kristu, akauya akatora nzvimbo yezvombo.

⁶²⁶ Makanzwa rwiyo rwuya rwekare, “Chengetedza nhare, nokuti ndiri kuuya?” Chengetedza nhare, hapana; ngatiitorei. Hatichada kuramba takaichengetedza. Kristu akatora nhare. Hareruya! Musuwo wakazaruka. “Pane Tsime rakazaruka muimba yaMwari, muguta raDhavhidhi, rokuchenesa,

rekucheneswa kwevasina kuchena.” Anofanotungamira wedu akatotipindira.

627 Anofanotungamira, Anotiudza, “Pane nzvimbo iri mberi, kuuzuru, kwausingazombochemberi.” Uko kuchange kusina kuunyana, kwausingazofaniri kushandisa pendi yekumeso yeMax Factor inokuita kuti utaridzike zvakanaka kumurume wako. Anofanotungamira akaenda mberi. Hapana kana nzvimbo yaunochembera nekuneta uye uchiita nhetemwa. Pane nzvimbo yausingazomborwari. Uko mwana mucheche haazombofi akava nemarwadzo emudumbu. Kwausingafe wakadonha renhema, kana kuti, zino, kuti uwane renhema. Hareruya! Oo, Zita raKe ngariropafadzwe! Akapinda, uye tisisafe tichamira mumufananidzo waKe, rimwe zuva kuuzuru. Vachapenya kudarika nyeredzi nezuva. Zvirokwazvo. Anofanotungamira akafanoenda mberi kwedu.

...anofanotungamira akaenda, akapinda nokuda kwedu, kunyangwe Jesu, wakaitwa muprista mukuru nekusingaperi ari werudzi rwaMerkizedheki.

628 Anofanotungamira uyu mukuru akafanoenda mberi kwedu, achigadzira nzira. Akabva pakuve Mweya, zvitubu zvikuru zvemuraraungu waMwari, Uyo akanga asina mavambo kana magumo. Aiva, nokusingaperi, Mwari.

Murazvo weChiedza uyu wakabuda. Wakanga uri murazvo werudo, ndiwo mukuru wacho, mutsvuku. Ruvara rwunotevera, rwakanga rwuri bhuruu; bhuruu, huchokwadi. Tevere, akatevera mushure macho aiva mamwe mavara, nemumavara manomwe akakwana, anova Mweya minomwe yaMwari, yakabva muChitubu chikuru ichocho kana kuti Dhaimani guru rakataurwa nezvaro naJesu. Dhaimani guru riya rakachekwa, kuratidza mavara aya. Mwari vakaitwa nyama vakagara pakati pedu, kuti Varatidze kunaka kwaVo netsitsi pakati pedu, nezvipo nezviratidzo nezvishamiso. Muraraungu mukuru wose iwoyo wakanga wava muTiyofani, iyo, yakagadzirwa iri mumufananidzo wemunhu, zvisinei Akanga asiri munhu, Akanga asati ava nyenya nazvino, Akanga ari Tiyofani.

629 Mosesi akati, “Ndinoda kuKuonai.” Mwari vakamuvanza mudombo.

630 Zvino paVakapfuura nepo, Vakafuratira musana waVo. Mosesi akati, “Waiita kunge musana wemunhu.”

631 Zvino chii chakazoitika? Rimwe zuva zasi uko, Abrahamama paakanga akagara mutende rake. Tichasvika kwazviri, manheru ano. Abrahamama paakanga akagara mutende rake, Mwari vakauya kwaari, vari mumutumbi wenyama.

“Oo,” unoti, “Hama Branham, akanga ari . . .”

632 TinoVawana ipo pano vachisangana naAbrahama kumashure kwacho, muchimiro chaMerkizedheki, mutumbi

wenyama, uyo waiva Mwari. Chokwadi, waiva. Vakanga vari Mwari munyama.

633 Unoti, “Saka, Hama Branham, sei Aifanira kuti adzoke uye ozoberekwa?”

634 Akanga asati azvarwa ipapo. Akangosikwa, mutumbi waAigara mauri. Merkizedheki aive Mambo weSaremi, anova Mambo weJerusarema, anova Mambo werugare; akanga asina baba kana mai, kutanga kwamazuva kana kuguma kwoupenyu.

Jesu akanga aine vose baba naamai, uye kutanga kwamazuva nokuguma kwoupenyu. Asi Akaitwa “ari werudzi” rwaMerkizedheki, akanga asina mavambo emazuva kana kuguma kwoupenyu.

635 Merkizedheki aive Mwari pachaKe. Merkizedheki akanga ari Jehovha Mwari, mumwe chete Uyo akasangana naAbrahama, makore akazotevera, pamberi petende rake. Akanga aine musana waKe wakamufuratira; Akati, “Sei Sara aseka?” Ndizvozvo. Ndiye Akange akamira ipapo, akatarisa kuSodhoma. Abrahama akaMucherechedza, nokuti mukati mechidzitiro chake maive nehoko yakabata vimbiso iyoyo. Kwete nekuti aive nekumwe kutekenyedzwa, asi Mwari vakamugadzirira vimbiso. Zvino paakasangana nemagineti huru iyoyo, akaziva kuti Yaiva munyama iyoyo.

636 Akabuda kunze naAbrahama, kunze uko kachinhambwe kadiki. Akaudza Abrahama. Akati, “Nekuona kuti, Ndichachengeta zvinhu izvi kubva kuna Abrahama, kuona kuti ndiye mugari wenhaka yenyika? Handingozviiti.” Saka, “Abrahama, Ndichakuudza zvaNdiri munzira yaNgu kuzoita,” tinozvisimudzira nhasi manheru, “zasi uko muSodhoma,” uye neizvo zvaivaizota vose. Zvino Achingobva kuropafadza Abrahama, Akadzokera muchadenga zvakare. Mumwe Murume akamira ipapo uye aine huruva pahanzu dzaKe, Murume. Uye kwete izvozvo chete, asi Akadya nyama yemhuru yakauraiwa naAbrahama, uye nekunwa mukaka wemhou, uye akadya zvimodho (chingwa cheupfu), akaisa bhata pachiri. Ndizvozvo chaizvo. Zvino ndokudzokera kuva Tiyofani zvakare.

637 Chaiva chii? Sei Asina kuutora ipapo? Akanga asati ambozvarwa sewe neni. Asi Aifanira kuzvarwa munyama, kuti Agokwanisa kubata rumborera irworwo. Waive mutumbi wakasikwa. Uyu waive mutumbi waAkangonokora calcium nepotashi kubva munyika, ndokuti, “Fuu,” ndokupinda mauri. Ndizvo zvimwe chete zvaiva Merkizedheki. Akapinda maari, ari mumutumbi waAigona kufamba achienda pamberi pake pasi pechidzitiro, chiri chidzitiro chekusika kwaKe pachaKe; kwete chidzitiro chekusikwa nemukadzi, kubudikidza nemimba yemukadzi, kubudikidza nechi—chizenga, kwete. Asi Akasika uyu ndokupinda mauri, ndokutaura, ari muchimiro chaMerkizedheki.

638 Merkizedheki uyu ndiani?

Nekuti Merkizedheki uyu, mambo weSaremi, (inova Jerusarema), muchinda waMwari wekumusoro-soro, (zvirokwazvo), akasangana naAbrahama achibva kunouraya madzimambo, akamuropafadza;

Abrahama akamupawo chegumi chazvose; pakutanga ari pakududzirwa Mambo wokururama, (rudo rukuru rwuya, Mweya mukuru uya pakutanga)... Mambo wokururama, ... mushure maizvozvo... Mambo weSaremi, anova, Mambo worugare;

Asina baba, asina mai, asina dzinza, asina kutanga kwemazuva, kana kuguma kwehupenyu; . . .

639 Aiva ani? Haana kumbozvarwa, haAzombofi. Ndianiko Iyeye? Aiva Mwari, chokwadi, aiva, mumumvuri waIshe Jesu. Zvamazvirokwazvo aiva. Asi Aifanira kuuya kubudikidza nemumudzimai, muhurongwa hwaunouya kubudikidza nemumudzimai. Uye Aifanira kuuya nenziya yawakauya nayo, kuitira kuti akudzosere kwaAri. Hareruya!

Nyasha dzinoshamisa! ruzha rwunotapira sei,
Dzakaponesa munhu murombo, bofu
rinonzwisa tsitsi seni!

Ndakanga ndakarasika, asi zvino
ndawanikwa, nyenya dzaKe,
ndakanga ndiri bofu, asi zvino ndave kuona.

640 Ndinonzwisisa zvaAifanira kuzoita. Mwari vakava ini, kuti ini nyenya ndive iVo. Vakatora zvivi zvangu, kuti kubudikidza nekukurama kwaVo ndigova neHupenyu Husingaperi. Ndakanga ndisingagoni kusarudza pachangu. Hunhu hwangu hwaive mutadzi. Ndakanga ndisina chekuita nazvo. Ndaive “ndakazvarwa panyika, ndikaumbwa mukusarurama, ndikauya munyika ndichireva nhema.” Ndisina kana mukana, zvachose; pasina, ndisina kana chishuwo.

641 Udza nguruve kuti iri “kukanganisa, ichidya matope,” ungaro here? Ona kuti inokuteerera zvakanini. Udza gunguwo kuti riri “kukanganisa, kudya pachitunha chakafa,” uye uone zvarichakuudza. Dai raikwanisa kutaura, “Ita zvebasa rako pachako.” Zvirokwazvo.

642 Oo, asi nyenya dzaMwari dzakashandura hunhu uhwu, uye dzikandipa mukana wekushuva uye nokudokwaira nekuva nyenya, “Rudo rwenyu rwune mutsa rwuri nani kwandiri kupfuura hupenyu, O Mwari. Mwoyo wangu unoKushuvai.”

643 Dhavhidhi akati, “Senondo inotakwairira hova dzemvura, saizvozvo mweya wangu une nyota yeNyuu, O Mwari.”

644 Mwari vakapa munhu nyota iyoyo, yokuVanamata, yokuda, yokuVatsvaga. Asi munhu anoitsveyamisa kubudikidza nokudana kwadhuyabhore, zvino anoenda achichiva vakadzi

nemafaro nezvinhu zvenyika, achiedza kugutsa kusikwa kutsvene ikoko uko Mwari vakaisa mukati, kuti aVade. Anokuisa pazvinhu zvenyika. Asi, hama, kana akangoshandurwa, uye chitubu chiya chine zvipembenene machiri, mhando dzose dze—dzezvinokanganisa chitubu, zvagezwa uye nekuuraiwa utachiona, uye Mvura yaMwari yakachena yaiswa imomo, chivi hachigoni kuchibata. Amen.

O ndinoMuda zvakadini! NdinoMuyemura zvakadini!

Hupenyu hwangu, Chiedza changu chezuva, wangu Wose muna Zvose!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu, Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

Akadzika kubva mukubwinya kwaKe, nyaya inorarama nekusingaperi,

Mwari neMuponesi wangu akauya, uye Jesu rakanga riri Zita raKe.

Akazvarirwa muchidziro chemhuka, kune vekwaKe Vomeme akava mutorwa,

Mwari wekusuwa, misodzi nekurwadziwa.

O ndinomuda zvakadini! Ndinomuyemura zvakadini!

Kufema kwangu, Chiedza changu chezuva, wangu Wose muna Zvose!

645 O Mwari! Ko Aigozviita sei? Munhu akaedza kuzvinyora. Mumwe akati:

Dai isu neingi nyanza taizadza,
Nedzinde rega-rega panyika riri chinyoreso;
Matenga ose akagadzirwa kuva pekunyorera,
Uye nemunhu wese ari munyori sebasa rake;
Kunyora rudo rwaMwari vari kumusoro

Kuti Mwari mukuru uyu weKudenga akazova nyama akatora zvivi zvangu!

Kunyora rudo rwaMwari vari kumusoro
Kwaiomesa nyanza ichipwa;
Kana kunyangwe mupumburu wacho
waitakura zvose,
Kunyangwe ukatambanudza kubva kune
rimwe denga kuenda kune rimwe denga.

646 Uye kuitira vadyi venhaka yoruponeso urwu tariro yechokwadi, Vakapika Vomene kuti Vachatimutsa mumazuva okupedzisira, votipa Hupenyu Husingaperi. “Uye hakuna munhu angavabvuta kubva muruoko rwaNgu.” Amen.

Ngatinamatei.

647 Une mhosva here yekuramba rudo rwaKe? Wakaramba here Hunhu hwaKe hwakaropafadzwa, mukuru Uyu akakuita

zvauri? Uye zvino hepano pauri, mangwanani ano, kusvika pano muhupenyu, uye zviri kukupa mukana. Unoda kuramba uchirarama here? Pane nzira imwe chete yekurarama, ndiko kutenda muna Ishe Jesu. Kana iwe, kubva mumoyo mako, uchitenda kuti ndiYe Mwanakomana waMwari uye woMugamuchira seMuponesi wako, uye wotenda kuti Mwari vakaMumutsira kururamiswa kwako, kana uchida kuzvigamuchira pahwaro ihwohwo, zvava zvako zvino.

⁶⁴⁸ Ungasimudza ruoko rwako here? Mumwe mweya usina kutendeuka, ungada kutendeuka mangwanani ano, woti, “Ndirangarireiwo, hama, muparidzi, tichipinda mumunamato. Neniwo ndakakundika. Ndakajoinha chechi, asi ndi—ndinoziva kuti ini—ini handina kumbova neizvo zvamuri kutura nezvazvo. Handisati ndambozvarwa neMweya iwoyo, Hama Branham. Handito—nditomborinaWo, ndizvo zvoga. Ndinoda kuti mundinamatire, kuti Mwari vagoUpa kwandiri mangwanani ano.” Mwari vakuropafadzei, changamire. Pangave nemumwe here? Iti, “Mwari, ndiitei zvaMunoda kuti ndive. Ndinoda kuti Muve...Ndinoda kuva sezvaMunoda kuti ndive. Ndakaramba rudo rweNyu.” Mwari vakuropafadze, mwanakomana.

⁶⁴⁹ Mirai zvishoma zvino.

Kana isu neingi taizadza nyanza,
 Uye denga rakagadzirwa riri pekunyorera;
 Apo dzinde rega-rega panyika raive
 chinyoreso,
 Uye munhu wese ari munyori sebasa rake;
 Kunyora rudo rwaMwari vari kumusoro
 Kwaiomesa nyanza ichipwa;
 Kana mupumburu wacho kugona kutakura
 zvose,
 Kunyangwe ukatambanudzwa kubva kune
 rimwe denga kuenda kune rimwe denga.
 Oo, rudo rwaMwari, rwakapfuma uye
 rwakachena sei!
 Rwusinganzwisisike uye rwakasimba sei!
 Rwuchagara nokusingaperi,
 Rwiyo rwevatsvene neNgirozi.

⁶⁵⁰ Mwari Vanodikanwa, chokwadi mudetembi akanyora mashoko iwayo akanga akafanana nevamwe vazhinji vevatendi veNyu, achitsvaga, achiedza kuwana mashoko ekurwutsanangura. Uye zvakanyorwa muBhaibheri, “Kunyanya sei, nokuti muparidzi akanga akachenjera, akatsvaka uye akaronga panzvimbo mashoko mazhinji.” Oo, tingada sei kuva norurimi namashoko zvokuti taigona kutsanangurira vanhu zvarwuri chaizvoizvo, asi hazvina kuwanikwa pamiromo yavanhu vanofa. Ziyendanakuenda rose, hapana kupokana kuti harizombofi rakazvizarura, zviya kuti Mwari veKudenga

vakambouya panyika kuzoponesa vatadzi vanonzwisa urombo, vakarasika, vanosiririsa.

⁶⁵¹ NdinoKukumbirai, Baba, kuti kubudikidza nemashoko mashoma aya asina kuputsika, kana kuti mashoko akaputsika mangwanani ano, sezvandinofanira kunge ndareva, kuti mumwe munhu awana rugare uye nekugutsikana nekunyaradzwa kwakasimba, atizira kundovanda. Uye dai mweya wavo warovera hoko pane vimbiso iyoyo iyo Mwari vakapika kwairi, kuti Vaizovamutsa nezuva rekupedzisira. Maoko mazhinji asimudzwa, muchivakwa, imo muno mutabhenakeri. Mwari, vapei tariro isingazungunutswi, iko zvino. Dai varovera hoko paDombo remazera. Zvisinei nokuti gungwa ringatomuka-tomuka zvakaipa sei uye tumaigwa twavo twuduku twungasvetuka-svetuka, vane hoko, vimbiso yaMwari. Ipapo vanogara, “Mwari vakaZvitauro. Havagoni kunyepa.”

⁶⁵² “Uyo anonzwa Mashoko aNgu,” ayo andaedza kuparidza mangwanani ano, “uye otenda kuna iYe wakaNdituma, Jehovha, ane Hupenyu husingaperi; uye haazosviki pakutongwa, asi apfuura kubva murufu achienda kuHupenyu.”

⁶⁵³ O Uyo wemuna Ziyendanakuenda, ropafadzai avo nhasi. Uye dai munhu wese ari muno asiri pasi peRopa, mweya yavo isina kumbotendeuka, dai zvaitika iko zvino, Ishe. Shandai chakavanzika. Zvose ndezveNyu. Zvakakumikidzwa kwaMuri. Ndinomata kuti Mugohupa kwavari, Hupenyu Husingaperi. Dai, rimwe zuva, mhiri kune mamwe mahombekombe, seapo mumwe nemumwe tinodzika zasi nemumupata, dai tasangana ikoko kwavasingazombotauri kuti “chisarai” zvachose.

Rimwe zuva tichauya kurwizi pakupera
kwenguva,
Kana pfungwa dzekupedzisira dzekusuwa
dzaenda;
Pachave nemumwe Munhu akamirira
achatiratidza nzira,
Handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga.

Pachave neMumwe, mumwe Munhu akamirira
achandiratidza nzira,
Handizofaniri kuyambuka Jorodhani . . .

⁶⁵⁴ Vese vane tariro iyoyo, simudza ruoko rwako zvino paunenge uchisimudza musoro wako.

Handizofaniri . . .

Zvino chingoVanamata. Mharidzo yaperi. Hamusi kufara here? Mwari vakapika kuti haVaizo. . . Mwari vakapika kuti Vaizosangana newe ikoko.

Jesu akafa kuti zvivi zvangu zvose
azvireverere;

Kana rima ini... (Unoti kudii? Rumborera
rwaenda.) Achange akandimirira,

Handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga.

Nguva zhinji ndakasiwa, uye ndakaneta . . .

ChingoVanamata zvino.

. . .zvinoita sekunge shamwari dzangu dzose
dzaenda;

Wakambosvika panzvimbo iyoyo here?

Asi pane pfungwa imwe inondifadza . . .

(Vimbiso yaive ipi?) . . . inofadza mwoyo
wangu,

Handizofaniri kuyambuka Jorodhani . . .

⁶⁵⁵ Zvino, vana vevimbiso, chingoVanamatai nokuda
kwekuzviita.

Handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga,

Jesu akafa kuti zvivi zvangu zvose
azvireverere;

Chii chinoitika zvino?

Pandinoona rima, Achange akandimirira,

Handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga.

Kana ndauya kurwizi . . .

Mumwe nomumwe wenyu ari kuuya. Pane mumvuri mukuru, wakasviba ugere ipapo pamberi pako. Isuwo guru. Uri kupindamo, rimwe remazuva ano, pamwe zuva risati rapera, pamwe chechi isati yavhara mangwanani ano. Uri kupinda imomo. Nguva yese moyo iwoyo paunorova, unenge waswedera pedyo nenhanho imwe.

Asi pandinoona rima, Achange akamirapo,

Akati Aizodaro. Akapika kuti Aizodaro.

Saka handizofaniri kuyambuka Jorodhani
ndoga.

⁶⁵⁶ O Ishe Vakaropafadzwa, mwoyo yedu yazara, mangwanani ano, kusvika pakupfachukira.

⁶⁵⁷ Kufunga apo kurova kwemoyo kwave kupera, uye mukoti odzvanyira piro pamusoro wako. Uye maoko ako, hauchagoni kuafambisa zvachose. Maoko ako ahanduka kuita chando. Vana vako, mai vako, vadikanwi vako vari kuzhamba pamwe nokuchema. Mukova mukuru uya unovhurika, kuuzuru. Achange akamirira.

⁶⁵⁸ Dhavhidhi akati, “Kana ndikawaridza mubhedha wangu mugehena, Achange ariko.” Handizofaniri kurwuyambuka ndiri ndega. Kana kupfapaidza kwerwizi kwotanga

kuvaimira muchiso chedu, Mwari vachatora igwa rehupenyu, votitungamirira kuti tiyambukire mhiri kwarwo. Vakavimbisa kuti Vaizozviita. Dhavhidhi muprofita akati, “Haiwa, kunyange ndikafamba nemumupata womumvuri worufu, handingatyi chakaipa. Muneni. Tsvimbo yeNyu nomudonzvo weNyu, zvinondinyaradza.”

⁶⁵⁹ Ishe, tinofara zvikuru nhasi, kuti takabatanidzwa kuva mudyi wenhaka yevimbiso. Nhasi tine Hupenyu Husingaperi matiri, nokuti tinoda Ishe Jesu uye takaVatenda, uye takagamuchira Shoko raVo nedzidziso yaVo. Uye Vanopa kwatiri, sechisimbiso chekutenda kwedu, Mweya Mutsvene, chisimbiso cheMweya Mutsvene. Kutenda kwedu kuri matiri kwakaisa hoko. Uye kunyangwe nguva zhinji tiri kufamba nemumimvuri mitema, nguva zhinji tiri kugumburwa munzira, asi hoko yedu ichakabata. Pane chimwe chinhu mairi, mhiri uko, chinoita sechiri kuramba chichitungamira, chichiti, “Ramba uchifamba. Tiri kuenda mberi.”

⁶⁶⁰ Mwari, tiropafadzeiwo. Tinoda iMi. Tichengetei nguva dzose takatendeka uye tiri vechokwadi kusvikira nguva yaMunozouira isu, tichaKurumbidzai nemumazera asingagumi. Uye zuva iroro patichamira panyika... Tsoka dzaKe dzakaropafadzwa hadzisati dzambotsika panyika nazvino. Hapo paAmire apo, mumhepo; uye vatsvene nevakadzikinurwa kubva mumazera ose, nemunguva yekutarira yega-yega, yekutanga, yechipiri, yechitatu, yechina, yechishanu, yechitanhatu, neyechinomwe, vose vanomirapo vakapfeka kururama kwaKe; tinoMupfekedza korona yaMambo wamambo naIshe wemadzishe, uye toimba nyaya dziya dzerudzikinuro. Mwoyo yedu inonzwisa tsitsi ichadedera apo patinotarisa Uyo Akatida uye akazvipa pachaKe nokuda kwedu. Tichiri vasingadiiki uye tiri vatadzi, Kristu akafa kuti tigoponeswa. TinoKutendai nokuda kwazvo, Baba, muZita raKristu. Amen.

⁶⁶¹ Munoziva here? Oo, ndiYe wamazvirokwazvo zvakadini. Hausi kungonzwa here sekunge uri kungoda neimwe nzira kungoMumbundira nemaoko? Haungangodiwo here kukambaira uchikwira wonobata tsoka dzaKe, munoziva?

⁶⁶² Munoziva, kwaimbove nevamwe vanhu vaiuya kushumiro yangu kuPhoenix, Arizona, vaiti, “Ndinoda kukurura ndopedzerana naYe. Ndinoda kuti, ‘Ishe, Makandida apo nzira yangu yakanga ine dima kwazvo.’” Ndinongoda kukurukura ndopedzerana naYe tisati tayambukira mhiri. Ndi—ndiri kuda kuMuona. Ndi—ndi—ndiri kungoda kuMuona. Kufunga kuti ndichanzwa sei, kuti mwoyo wangu unonzwisa tsitsi uchabvunda sei pandichaMuona akamira ipapo.

⁶⁶³ Ndaigara ndichifunga kuti, “Ndinoshuvira kuti dai ndakanzwa Inzwi riya richiti, ‘Huyai kwaNdiri, imi mose makaneta uye makaremerwa. Ndichakupai zororo.’”

664 Pamwe handife ndakazvinzwa chaizvo sezvaAkataura ipapo, asi ndinoda kuMunzwa achiti, “Rino ndiro zuva rekupedzisira. Zvakaitwa zvakanaka, muranda waNgu akanaka uye akatendeka, zvino pinda mumifaro yaShe yakagadzirirwa iwe.” Kubva riinhi?

665 “Kubva pawakaponeswa?” Kwete, hama.

666 “Kubva pamavambo enyika, paNdakakuona uye ndikafanokuziva, uye ndikakutemera kuHupenyu Husingaperi,” wakaropafadzwa ipapo. “Vose vaAkafanoziva, Akavadana.” Ndizvo here? “Vose vaAkadana, Akavaruramisa. Avo vaakanga Aruramisa, Akatovabwinyisa kare.” Hezvoka izvo. Akafanotiziva, akatidana, akatiruramisa, uye takatobwinyiswa kare pamwe naYe, pakuguma kwenyika, tichienda kumubairo wedu. Hamusi kufara here? Chokwadi, zvinotokuitai kuti muMude. Pawakanga usingakwanise kuzvibatsira, zvino pano Iye ndokuuya ndokukuitira izvozvo.

667 *Ngachiropafadzwe Chisungiso Chinosunganidza*, Hanzvadzi Gertie. “Mwoyo yedu murudo rweChikristu,” apo tiine kuyanana kudiki uku kwekunamata pano zvino, zvararo tichanamatira vanorwara. Mwari vakuropafadzei. Imi masimudza maoko enyu kuna Kristu mangwanani ano, zviwanirei nzvimbo yokunamatira, muMushumire.

668 Zvino, ngatingoMunamatei zvino, seungano, imi mose maMethodisti, church of God, Assemblies of God, maPresbyteriani, maLutherani, Katorike. Tose pamwe chete zvino, ngatiimbei zvino.

Ngachiropafadzwe
chisungiso chinosunganidza
Moyo yedu murudo rweChikristu;
Kuyanana kwepfungwa dzine ukama
Zvakaita seizvo zviri Kudenga.

Pamberi peChigaro chehushe chaBaba vedu,
Tinodurura munamato wedu une kurevesa;
Kutya kwedu, tariro yedu, zvinangwa zvedu
zvimwe chete,
Nyaradzo yedu nezvitsvako zvedu.

Kana tikaparadzana,
Zvinotipa marwadzo emukati;
Asi ticharamba takabatanidzwa mune...
(Vangani maMethodisti, maBaptisti, navose?)
Uye totarisira kusanganazve.

669 Hazvikuitireiwo zvakanaka here? Ngatitendeukei tikwazisane ruoko rwemumwe nemumwe zvino, tichirwuimba zvakare.

Pamberi...

Kwazisanai maoko, munhu ari kumashure kwako, kumberi kwako, kumativi ese.

. . . Chigaro cheushe,
Tinodurura munamoto wedu une kurevesa;
Nyaradzo dzedu nechitsvako chedu.

Zvino kana taparadzana,

Tichadanana.

Zvinopa . . .

Ndinoshuva kuti dai shumiro yaenderera mberi? Maona? Ndiwo mafungiro atinoita.

. . . marwadzo emukati;
Asi isu ticharamba takabatanidzwa mumoyo,
(muhumwe)
Uye totarisira kusanganazve.

Kana tichisiri pano, paZuva guru iroro tichasangana.

⁶⁷⁰ Zvino, Baba, gamuchirai kunamata kwedu mangwanani ano. Torai Shoko muRidyare mumoyo yevatendi. Ngavarege kungopeperetswa kwese-kwese, uye nhasi vamire uye vodonha mangwana, asi dai Mashoko aya awana nzvimbo yawo yekuzorora mumoyo wemutendi wose. Kuziva izvi, kuti, “Mwari vakapika nemhiko, uye pane zvinhu zviviri zvisingashanduki. Kusashanduka kwaMwari, ndiko, kuti hazvibviri kuti Vanyepe, kuti vadyi venhaka yeruponeso urwu vave netariro iyi yakasimba, isingazungunutswi uye yechokwadi, hoko mumunhu wemukati.” Kuziva izvi, kuti, “Mwari vakativimbisa, nemhiko yakapikwa. Imwe, yekuti haVagoni kureva nhema; imwe, Vakapika mhiko pamusoro paizvozvo, kuti Vachatimutsa nezuva rokupedzisira uye votipa Hupenyu Husingaperi.” Tichisira, kuti, “Mushure mekunge tadanwa, kuti Vakataura kuti Vakativisa nyika isati yavambwa, uye vakatitemera pakugadzwa kwevana kubudikidza naJesu Kristu. Uye Vakafanotivisa. Vakativisa. Uye paVakativisa, Vakativuramisa.” Hatigoni kuzviruramisa, saka Vakativuramisa nerufu rweMwanakomana waVo Vomene. “Avo vaVakaruramisa, Vakativabwinyisa kare.” Shoko racho rakatotaurwa kare. Uye tinongori munzira yedu, tichienda zvedu, tichifara munzira yedu inoenda muKubwinya.

⁶⁷¹ Ipai vanhu kutenda, uye dai tutsika tudiki nezvinhu zvakaremba pavanhu, dai zvazunguzika zvichibva pavari, mangwanani ano, neShoko raMwari iri rinova hoko yemunhu wemukati, isingazungunutswi uye yechokwadi. Dai vakazvizunza vachibva patsika dzavo, hasha dzavo duku. Nezvinhu zvanga zviru. . . SaPauro wakati, mune chikamu chekumberi chemharidzo mumazuva mashoma, “Ngatibvisei zvose zvinorema, nechivi chinongotivhiringa zviru nyore, kuti timhanye nekutsungirira nhangemutange yakaiswa pamberi pedu; tichitarira kumuvambi nomukwanisi wokutenda kwedu,

Jesu Kristu, Wakaedzwa nemitowo yose sesu, asi asina kutadza.” Akatenderwa kuti aedzwe, asi haAna kuteerera kumuyedzo. Uye tinoedzwa kuti titadze, asi kwete kuteerera. Nokuti Hupenyu huri matiri ndiyo hoko yemagumo erwendo rwedu muna Ziendanakuenda, uye tinozvibata nekuyeresha kumoyo yedu.

⁶⁷² Zvino, pane vazhinji avo Satani akatambudza nematambudziko. Tiri kugadzirira kuvanamatira, Baba. Dai ivo, apo vachipfuura nepasi peShoko raMwari nhasi. . . Shoko iroro rinokosha raparidzwa, Bhaibheri richipupurira, Ngirozi dzaMwari dzakamira pedyo, neMweya Mutsvene mukuru, uri pamusoro pezvove, wakamira pano kuti upupure Shoko. Zvino, Baba, pavanenge vachipfuura nepasi peShoko revimbiso, mangwanani ano, dai vabva pano vachinopora. Vabvise masimbi avo emumakumbo, vosiya zvigaro ne—nenhowo dzavanga vakarara padziri, uye kungoti vobva vapodzwa. Zviitei, Ishe. Dai vadzoka pashumiro inotevera yavanotenderwa kuuya, kana kumachechi avo, vachifara, vachiratidza zvinhu zvikuru zvaitwa naKristu. Tinoshumira izvi kuitira mbiri yenyu, muZita raJesu. Amen.

⁶⁷³ Ndinokumbira ruregerero nevimbiso yandaita, yekuti mangwanani ano taizova nechitsauko 7, asi handina kusvika kwachiri. Uye tinofanira kutendera nguva shoma pano ye—yeuyu, yemutsara wekunamatirwa. Uye zvino, manheru ano, Ishe vachitendera, tichatora chitsauko 7, uye toona kuti Merkizedheki uyu aiva Ani. Vangani vangada kuziva? Oo, tiri kuzodzika chaiko kwaAri, kuti tinyatsoona chaizvo kuti Iye ndiAni. Uye Gwaro rinotaura kuti Iye ndiAni. Maona?

⁶⁷⁴ Zvino Scofield akati hwaive “huprisita.” Hungave huprisita sei, husina mavambo kana magumo? Munooona, hwaive husiri huprisita. Aiva Murume, Merkizedheki (Zita), Munhu.

⁶⁷⁵ Sekuti, ndisingazvidzi, asi veChristian Science vanoti Mweya Mutsvene “ipfungwa.” Uye Bhaibheri rakati, “Iye, Mweya Mutsvene.” Uye *Iye* chisazitasingwi. Munhu; kwete pfungwa. Munhu. Zvamazvirokwazvo.

⁶⁷⁶ Zvino Merkizedheki Munhu, Murume Akanga asina kutanga kwemazuva kana kupera kwemakore. Akanga asina baba kana mai, kana dzinza. Uye tichaona kuti Iye ndiAni, Ishe vachitendera, manheru ano, kubudikidza neShoko. MunoRida here? Oh! “Shoko reNyu ndiwo mwenje kunzira yangu netsoka dzangu.” Oo!

⁶⁷⁷ Zvino, unoti, “Hama Branham, handiZvinzwisise zvese.” Kana neniwo.

⁶⁷⁸ Asi, imwe nguva, ndaiparidza zasi kuKentucky. Uye kune vamwe vatsva, nemaKatorike nevamwe vakasiyana, vanogona kunge vasinganzwisise kuti zvinhu izvi zvakadzika, zvakapfuma zveRugwaro kuti zvakadii. Ndainge ndaparidza pamusoro pekupodza kwaMwari. Mumwe musikana mudiki

asina shangu akaunzwa. . . Akanga asati ava nemakore gumi nemashanu ekuberekwa, aiva nemucheche mudiki, uye akange achingogwinha. Ndakati, “Chiiko chiri kunetsa, hanzvadzi, nemwana wenyu?”

⁶⁷⁹ Akati, “Anongogwinha-gwinha.” Akanga asingazivi zvokutaura, kugwinha. Akashaya kuti okudaidza kuti chii.

⁶⁸⁰ Kanhu kadiki pada kasina kumbofa kakapfeka shangu, muhupenyu hwako. Mudiwa wemumwe murume, bvudzi refu rakaremba pasi. Ndakati, “Unotenda here?”

⁶⁸¹ Uye maziso madiki, mapfumbu-sesimbi akanditarisa. Akati, “Hongu, changamire. Chokwadi ndinotenda.”

⁶⁸² Ndakatora mwana mucheche mudiki. Uye ndichiri kumunamatira, akabva amira kugwinha. Uh-huh. Uye zvakabuda, ndokubuda.

⁶⁸³ Zuva rakatevera, ndakanga ndichivhima tsindi, seri mujinga megomo. Ndakanzwa mumwe murume akanga akagara ipapo achitaura, saha rakare richirira. Zvino ndakavereveda. Ndainge ndichivhima tsindi. Vaitaura nezvangu, vakagara ipapo, vachitsenga fodya uye vachisvipa, mashizha achibhururuka, *kudai*. Zvino vakanga vachitaura pamusoro, zvino, pamusoro pemusangano wemanheru anezuro. Mumwe wavo akati, “Ndaona mwana uya. Ndapfuura neko, mangwanani ano. Haasi kugwina, nazvino mangwanani ano.” Maona? Akati, “Zvaiva zvemazvirokwazvo.” Zvino akange achipfira.

⁶⁸⁴ Uye vaive nepfuti dzakazendama pamuti, saka ndakafunga kuti zviri nani ndizvizivise. Munoziva, vane makakatanwa zasi ikoko, zvakare. Saka, ndakafamba ndichiyapo. Ndikati, “Mangwanani, hama.”

⁶⁸⁵ Muchinda mukuru iyeye, aiita seaitaura, akanga aine fodya yekutsenga mumuromo make, *zvakadai*, neche kunze kudivi *zvakadai*, nemutsipa mukuru, wakareba. Zvino akanga akapfeka ngowani huru kwazvo yakare, yakaderedzwa kumeso kwake. Akatarisa-tarisa ndokundiona. Akasimudzira ruwoko mudenga ndokutora ngowani iya, ndokuibvisa nekukasika, ndokuti *gudyu*, akamedza fodya iya yaaitsenga, akati, “Mangwanani, mufundisi.” Maona? Hongu, changamire. Ruremekedzo. Uye ndizvozvo chaizvo. Kuti akazorarama sei nayo, handizivi, asi akazviita.

⁶⁸⁶ Saka, manheru aitevera, ndichidzoka, pakanga paine mumwe murume aida kukakavadzana neni zvishoma. Aienda kucheche yaisatenda mukupodza kwaMwari. Saka, iyi yaive chechi yeMethodisti, White Hill, Kentucky. Saka iye—iye akaenda kune. . . Akanga akamira panze. Akanga aine rambi muruoko rwake. Zvino akati, “Ndinoda kutaura chimwe chinhu, muparidzi. Handingokwanisi kuZvigamuchira, nokuti handisi kukwanisa kuZviona.”

687 Ndikati, “Haukwanise kuZviona?”

688 Akati, “Kwete.” Akati, “Ndiri munhu anorwara, pachangu. Asi,” akati, “handisi kungokwanisa kuZviona.”

Ndikati, “Munogara kupi?”

Akati, “Seri mhiri kuBig Renox.”

Ndikati, “Saka, muchasvika sei kumba?”

Akati, “Zvakanaka, ndiri kufamba ndichienda kumba.”

Ndikati, “Muri kuona musha wenyu here?”

Iye akati, “Kwete, changamire.”

Ndikati, “Kwakasviba zvinotyisa manheru ano, kune makore.”

Akati, “Hongu.”

Ndikati, “Muchaenda sei kumba?”

Akati, “Nerambi iri.”

Ndikati, “Rambi hariratidzi chiedza nzira yose kusvika kumba.” Ndikati, “Munoenda sei?”

Akati, “Oo, ndinofamba nerambi.”

689 Ndikati, “Ndizvozvo. Mune chiedza cherambi zvino, uye pese pamunokanda nhanho kudai, chiedza chicharamba chichiratidza mberi kwenyu. Kana mukaramba muchifamba, chiedza chicharamba chichienda nemi.”

690 Uye moita izvozvo mangwanani ano, munoda Kristu, Muprisita Mukuru, Murevereri wehurwere hwako, kana hosha yako, kana mweya wako. Unogona kunge usingaZvinzwisise. Isu hatidaro. Asi tinorairwa “Kufamba muChiedza sezvaAri muChiedza.” Ukaita nhanho imwe muChiedza. Uye kana wava neChiedza newe, Chiedza chichapenya kusvika pazuva rakakwana. Chichachengeta nzira mberi kwako.

Uye isu tichafamba panzira huru iyi yekare,
Ndichiudza kwese kwandinoenda,
Ndingasva ndava Mukristu wenguva yakare,
Ishe,
Kupfuura chero chinhu chandinoziva.

Makambonzwa rwiyo urwu rwekare here?

Hapana chakafanana neMukristu wenguva yakare,
kuratidza rudo rweChikristu;
Tiri kufamba mumugwagwa mukuru wekare wakakura,
Uye tichiudza kwese kwatinoenda,
Ndingasva ndava Mukristu wenguva yekare,
Ishe,
Kupfuura chero chinhu chandinoziva.

691 Ndinongozvida. Zvakanaka. Zvino tava kuzonamatira vanorwara. Hatisi...Hatitauri kuti tinokwanisa kupodza vanorwara. Kana taidaro, tinenge tichitaura chimwe chinhu chisicho. Munhu wese anorwara ari muno akatopodzwa kare. Ndizvo zvakataurwa neRugwaro. “Nemavanga ake takapodzwa.” Ndizvozvo here?

692 Mutadzi wese ari muno, kana zvikaitika kuti pane mumwe, wakaponeswa kubvira Jesu paakafa. Asi rega kumbofa pano apo mukana wako wakaiswa pamberi pako, wekuti upinde muHupo hwaKe zvino woedza kuZvigamuchira. Zvakagadzirirwa zvazvino. Iko zvino ufanira kuZvigamuchira. Kana ukaenda kuseri kweRopa, ipapo hausi chinhu asi... Wakatotongwa kare, nokuti unotongwa nemabatiro awakaita Yananiso yaIshe Jesu Kristu. Maona? Uri... unozvitonga ipapo.

693 “Saka Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, uye namavanga aKe takapodzwa.” Saka, hapana chandingave nacho, chekukupodzai. Hapana chinhu icho chingave nechechi, chekukupodzai. Chinhu choga chatinogona kunyengeterera ndeichi, chokuti kutenda kwako kurege kukundika, kuti uuye kuartari mangwanani ano kuzogamuchira Kristu seMupodzi wako, sezvawakaita pakuva muMuponesi wako. Uye pasina chero...Mwari vanoita minana. Vanoratidza chiratidzo chikuru. Mapofu, matsi, mbeveve, zvose, zvinopodzwa ipo pano patabhenakeri. Asi kuri kuti ndizvo kana kuti kwete, tinoZvigamuchira, zvakadaro. Nguva zhinji zvinhu izvozvo ndezve zviratidzo.

694 Vangani vaive pano maSvondo matatu apfuura, kana mana, paya pakapinda murume wacho muno, ari zvose bofu uye akaoma mitezo, kana kuti akagara muchigaro aine tsinga isina kudzikama? Uye ndisati ndabva kumba, ndakamuona muchiratidzo, “Kuti paizove nemurume ipapo, ane vhudzi dema, rava kuchena. Mudzimai wake mukadzi anotaridzika zvinoyevedza, angangoita makore makumi matanhatu. Achauya uye achichema,” uye achandikumbira. “Uye kudzoka kuzonamatira murume wake.” Akagara ipapo chaipo.

695 Zvino ndakadzika zasi. Ndakati kune dzimwe hama dzangu dziri pano, “Tarisai izvi.”

696 Zvino patakaenda kuartari, vamwe vakanga vanamata. Pandakaenda kunonamata, ndakabva ndangofamba ndichienda ndokudzoka neche kuno. Zvino mudzimai wake akasimuka ndokuuya chaizvoizvo nenzira iyo Ishe vakanga vataura kuti zvaizova. Vanhu vakatarisa, kuti vaone kana zvaizoitika saizvozvo. Hazvina kumbokundikana. Uye saka paakafamba... .

697 Ndakazoona, kuti mumwe murume, Chiremba Ackerman, zasi kuBirdseye, Indiana, ndivo vakange vamutumira

kumusoro kuno; vanova muKatorike, uye mwanakomana wavo muprista muimba yevaprisita ipapo paSaint Meinrad. Uye Chiremba Ackerman mumwe wangu wandinovhima naye, zvino vakatumira murume wacho kumusoro kuno. Zvino Ishe vakandiratidza murume ane bvudzi dema aizomutumira, asi handina kuziva kuti aive ani.

698 Ndakati, “Vaiva Chiremba Ackerman here?”

699 Akati, “Ndivo.” Maona? Ndokubva murume wacho. . .

700 Ndakati, “IZVANZI NAJEHOVHA.” Ndokufamba kudzikako. Ndikati, “Changamire, simukai.” Ari zvose bofu uye asingagone. . . iye. . . Tsi—tsinga yekumira zvakanaka yakanga yaparara. Haaigona kumira oga pachake saizvozvvo. Maona? Anga ava akadaro kwemakore, akamboenda kwaMayo nekumwe kwese. Zvino ndakangomunamatora munamato, ndokumusimudza. Hoyu ndokuenda, achifamba achidzika.

701 Kutanga akati, “Handisi kukwanisa kukuonai.” Ipapo akabva adanidzira, “Hongu. Ndave kukwanisa.” Maziso ake akabva avhurika ipapo, iye aive muOrthodox, mudzimai wake, muPresbyteriani.

702 Vamwe vanhu vanofunga kuti “maPresbyteriani havadanidzire, nemaOrthodox.” Waifanira kunge wakavanzwa. Chokwadi. Vaidanidzira vachimbundirana. Akadzoka ndokutora wiricheya yake, ndokufamba achibuda akadzika masitepisi, sezvingori mumwe munhu wese, achigona kuona uye nekutaura ne—nezvimwe zvakadaro.

703 Ndakawana tsamba kubva kwaari, kana kuti akafona, rimwe zuva. Ndinotenda, Hama Cox vakaenda kwaari. Akati, “Maziso ake aive nekakupisa.” Zvirokwazvo. Itsinga, tsinga dzemaziso dziri kukura dzichidzoka kuhupenyu, munoziva, uye ichtora nzvimbo yayo. Chituko chakabviswa.

704 Kana ukarega masikirwe kuti uve nenzira yawo, kana pasina chinotadzisa masikirwe, ipapo achava—achava nemukana uzere. Kana uine bhandi rakasunga ruoko rwako, riri kuvhara kutenderera kweropa, ruoko rwako rwunopedzesera rwafa. Zvino, nokuti, pamasikirwe, zvinenge zvakanaka kana ukangozvirega zvakadaro. Asi pane chimwe chinhu chavhiringidza masikirwe. Zvino, kana usingachione, hapana nzira yekuti chiremba achibate. Zvinhu zviviri chete zvaanogona kushanda nazvo: zvaanogona kuona, zvaanogona kunzwa nekubata. Ndicho chinhu choga chaanogona kushanda nacho: zvaanoona uye nezvaanonzwa nokubata.

705 Kana asingakwanisi kuzviona, saka zvinofanira kunge zviri zvemweya. Zvino pane, chinhu chimwe chete chinogona, chinhu chimwe chete chinogona kuitika; tinonamata, Kristu anobvisa chituko, odzinga dhiyabhore, zvino zvobva zvatanga kuve sezvamazuva ose, kuita zvakanaka. Opora, uye ndizvo zvoga zviripo kwazviri. “MuZita raNgu vachadzinga madhimoni.”

Ndizvo here? Ivimbiso kuchechi. Ivimbiso yesimba. Chii? Ihwo, Hupo hwaKe hunesu. Zvino, chii chinotiita kuti tisava vakakwana mangwanani ano, kuita zvinhu izvozvo sekuita kwaAkazviita, imhaka yokuti tichiri muchidzitiro. Maona? Asi tine mamwe manzwiwo imomo anotiudza, “Oo, hongu.” Maona?

⁷⁰⁶ Zvino kana wagamuchira kupodzwa kwako, zvisinei kuti chidzitiro chataura kuti chii, ndeizvo zvakataurwa neShoko. Maona? Ndizvozvo. Ndizvozvo. Uye sho—sho—Shoko rinogara riri pamusoro pechinhu chose. Shoko raMwari raZiyendanakuenda!

⁷⁰⁷ Tarisai kuna Sara, mimba yake yakafa, aine makore makumi mapfumbamwe okuberekwa, akagara nomurume wake kubvira aine makore angangoita gumi namatanhatu kana gumi namanomwe, asina vana; Abrahamu, zana. Mwari vakanyatsotendeuka ndokuvapa mwana. Maona? Nokuti, vakatenda. Vakadaidza zvinhu izvozvo zvisipo, sekunge zvaivepo. Pinda nenzira iyoyo mangwanani ano, shamwari.

⁷⁰⁸ Uye manheru ano, tinotaririsa...Kana mose muri matishanyira, tinofara kuva nemi pano mangwanani ano. Uye Mwari vave nemi. Uye kana muri muguta kuitira manheru, tingafara kuva nemi manheru ano pane imwe yeshumiro iyi, yaMerkizedheki. Uye zvakare kana usiri, uye uine chechi yako, enda kuchechi kwako. Ndiyo—ndiyo nzvimbo yako yebasa. Kana une kuchechi kwaunoenda, iwe enda ikoko. Ino inongova tabhenakeri duku yatinoungana muno tova nokuyanana mumwe nomumwe. Zvino, Ishe vakuropafadzei.

⁷⁰⁹ Zvino Hanzvadzi Gertie vachatiridzira, *Murapi Mukuru Zvino Ari Pedyo*. Uye pane chero mumwe here ari pano anoda kunamatirwa? Simudza ruoko rwako, avo vanoda kuuya mumutsara wekunamatirwa, kuzoisa kutenda kwako kuna Kristu. Zvakanaka. Kana mukaita mutsetse kudivi rino rechechi, kana mungadaro. Uye kana vakadhonzera chigaro zasi zvisvishoma, hama, kana mungadaro, kuitira kuti tiwane nzvimbo yakati wedzerei imomo uye tigokwanisa kuunza hama nemo. Uyai kudivi iri.

⁷¹⁰ Uye tiri kuzonamata zvino, tichiimba. Uye ndichakumbira vakuru vari pano, vechero sangano zvaro kana chechi, zvisinei nezvariri, kana muchitenda mukupodza kwaMwari, mungamira here pano neni papuratifomu ino, kuti tinamatire vanorwara? Tichafara kuva nemi. Chero sangano, kana risiri sangano, kana chero zvamuri, tichafara kuva nemi. Mungauyawo here zvino, kuzonamata? Huyai kumusoro mumire neni.

Hama Neville, kana mukauya nemafuta.



VAHEBERU, CHITSAUKO CHECHITANHATU 3 SH057-0915M
(Hebrews, Chapter Six 3)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Gunyana 15, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org